

NYCTM

**Department of
Education**

Carmen Fariña, Chancellor



***Atant konpòtman
pou sipòte aprantisaj
elèv pou tout Vil la***

Kindergarten – Klas 5yèm ane

**Kòd Entèvansyon ak Disiplin elèv ak
Lwa sou Dwa ak Responsablite elèv**

Apati Avril 2017



Carmen Fariña
Chanselye

Elizabeth Rose
Chanselye adjwen
Division of Operations

Lois Herrera
Chief Executive Officer
Office of Safety and Youth Development

Se politik Depatman Edikasyon Vil Nouyòk New York City *Department of Education* (DOE) pou l bay moun menm opòtinite anplwa san baze sou ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, alyenaj, kondisyon sitwayènte, laj, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks (fi/gason), fason ou idantifye w kòm fi oswa gason, fason ou prezante tèt ou kòm fi oswa gason, oswa pwa. Se règleman DOE tou pou li kenbe yon anviwònman kote pa gen arasman sou baz nenpòt nan bagay nou sot site la yo, ladan arasman seksyèl.

Ou ka mande ransèyman konsènan respè règleman kont diskriminasyon an nan:
Office of Equal Opportunity, 65 Court Street, Brooklyn, New York 11201, (718) 935-3320.

DEKLARASYON MISION

Adopte jiyè 2015

Biwo magistra Vil Nouyòk, Depatman edikasyon ak Depatman polis Vil Nouyòk kwè lekòl Vil la dwe ankouraje yon anviwònman ki favorize aprantisaj plis posib. Nou kwè tout timoun merite yon anviwònman konsa epi tout timoun gen potansyèl pou yo aprann ak reyisi. Sa vle di avan tou fòk lekòl nou yo ansekirite. Sa vle di tou pou nou kenbe lekòl nou yo ansekirite, nou dwe prezève karaktè esansyèl kòm kote pou mou aprann.

Vil Nouyòk kwè metòd pinisyon ki twò di yo pa nan avantaj elèv, yo pa rive fè lekòl nou yo vin pi ansekirite epi yo ka deranje potansyèl alontèm elèv. Rechèch montre li pi bon pou elèv y ap pran mezi disiplin kont yo ansanm avèk lekòl kote yo ye a, lè yo founi sipò pozitif ki anseye elèv yo aptitud sosyal ak emosyonèl ak konpòtman ki nesèsè pou aprann ak patisipe nan sosyete a. Pou sa, Vil Nouyòk pral bay estaf lekòl ak estaf sekirite trening pi bon pratik dapre rechèch, sou kòman pou bay sipò sa yo, epi amelyore sipò pou elèv ki gen bezwen espesyal ak elèv ki gen twomatis ki gen rapò avèk povrete ak vyolans. Lè nou rekonèt kèk lekòl pral bezwen resous ansanm avèk trening anplis, Vil Nouyòk pral bay esaf sipò yo bezwen pou mete anplas tip disiplin pa etap nan lekòl ki gen anpil bezwen yo an patikilye. N ap apiye nou sou modèl lokal ak nasyonal pou amelyore klima ak sekirite lekòl anmèmtan. Nan fason sa a, Vil Nouyòk pral diminye itilizasyon ranvwa timoun lekòl kòm mezi disiplin epi l ap elimine manda konparisyon ak arestasyon pou move konpòtman nan lekòl la ki pa grav pandan l ap kontinye travay plis pou sekirite nan lekòl yo.

Vil Nouyòk pa tolere diskriminasyon epi l ap itilize chak zouti pou elimine enkonsistans ak patipri nan disiplin elèv sou baz ras, koulè, kwayans, etnisite, peyi orijin, sityasyon imigrasyon/sitwayènte, gwosè, relijyon, laj, sèks, fason moun lan idantifye tèt li kòm fi oswa gason, fason moun lan prezante tèt li kòm fi oswa gason, oryantasyon seksyèl, andikap oswa pwa.

NÒM POU MEZI ENTÈVANSYON AK DISIPLIN VIL LA

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* pran angajman pou garanti lekòl nou yo se anviwònman ki gen sekirite, sennesof epi ki gen lòd kote ansèyman ak aprantisaj fèt chak jou. Yon lekòl ki ansekirite ak ankourajan depann de efò tout manm kominote lekòl la—pwofesè, elèv, responsab, paran, konseye, travayè sosyal, estaf sekirite, founisè sèvis ki gen rapò ak edikasyon espesyal *related service*, kafeterya, estaf gadyen ak otobis—pou trete yonn lòt ak respè.

Nan dokiman sa a gen Lwa sou dwa ak responsablite elèv ***Student Bill of Rights and Responsibilities*** ki ankouraje konpòtman elèv responsab ak yon anviwònman ki gen diyite ak respè lè yo mete prensip pou ede elèv pandan y ap lite pou yo vin sitwayen k ap pwodui nan yon sosyete ki plen divèsite.

TABMATYE

Atant konpòtman	4
Bay ankourajman kòm patnè ak prezans	5
Ankouraje bon konpòtman elèv	6
Disiplin pa etap	8
Nivo enfraksyon	9
Sipò ak entèvansyon	10
Metòd pou koreksyon	13
Lit kont konpòtman entimidasyon ak konpòtman ki baze sou patipri.....	15
Echèl sipò pa etap ak Konsekans sanksyon	17
Pwosedi disiplin	18
Apèl	22
Transfè ak zam entèdi.....	23
Pran aksyon disiplin.....	24
Enfraksyon A: Klas Kondergarten-5yèm ane	25
Lwa sou Dwa ak Responsablite Elèv	37

NOM KONPOTMAN

Tout manm kominote lekòl la— elèv, estaf ak paran—dwe konnen ak konprann nòm konduit ke yo atann pou tout elèv respekte ak konsekans ki genyen si yo pa respekte yo.

Citywide Standards of Intervention and Discipline Measures (Kòd disiplin lan) bay yon deskripsyon konduit ki pa respekte nòm konduit elèv nan lekòl leta Vil Nouyòk. Li gen ladan divès sipò ak entèvansyon ak divès mezi disiplin ki posib ke lekòl yo ka itilize pou abòde pwoblèm konduit.

Kòd disiplin lan aplike pou tout elèv Depatman edikasyon Vil Nouyòk.

PESPEKTIV KONPOTMAN

Fason elèv kondui yo nan lekòl se yon faktè epòtan pou etabli ak kenbe yon kominote lekòl ki gen respè ak sekirite. Pou ankouraje bon konpòtman elèv, tout manm kominote lekòl la— elèv, estaf, ak paran—dwe konnen ak konprann nòm konpòtman yo atann pou tout elèv respekte ak konsekans ki genyen si yo pa respekte nòm konpòtman yo.

Li enpòtan anpil pou lekòl mete tan apa pou yo revize kòd sa a avèk elèv yo, Lwa dwa ak responsablite elèv ak [Internet Acceptable Use and Safety Policy \(IAUSP\)](#) NYCDOE. Yo dwe adapte revizyon sa a dapre laj elèv pou tout elèv konnen ak konprann ki konpòtman pou yo genyen lè yo lekòl, ladan konpòtman pou yo genyen lè y ap itilize sistèm entènèt Depatman an kèlkeswa kote yo ye a. Sa enpòtan espesyalman lè w ap travay avèk timoun ki ti klas yo piske kapasite yo sou pwèn devlopman poko fin devlope nèt pou yo konprann konpòtman ak konsekans. Tout elèv, kèlkeswa laj yo, sipoze okouran sou sa kominote lekòl la ap atann nan yo, epi patisipe aktivman nan kreyasyon "règ debaz" pou konpòtman yo.

Menm jan an tou, pèsònèl anseyan ak estaf lekòl dwe demontre konpòtman yo atann nan men yo a yon fason klè ak konsistan, konsa pou sèvi kòm modèl pou yon kominote lekòl ki gen lòd, sekirite ak respè. Pèsònèl anseyan ak estaf lekòl dwe fèm ak konsistan lè y ap abòde konpòtman elèv nan yon manyè ki pèmèt elèv aprann nan erè yo epi pran responsablite move konduit yo.

PARAN* KOM ASOSYE

Elèv, paran ak pèsonèl lekòl la yo tout gen yon wòl nan kenbe lekòl yo ansekirite epi yo dwe kolabore yonn ak lòt pou reyalize objektif sa a. Estaf lekòl la ta dwe kenbe paran yo okouran konpòtman pitit yo epi konsidere paran kòm asosye lè y ap chèche rezoud pwoblèm yo. Motivasyon paran yo ka gen ladan yon apèl nan telefòn ak/oswa yon mesaj ekri ak lòt bagay ankò. Kòm modèl, paran ak estaf lekòl la ta dwe montre konpòtman ke yo ta renmen wè elèv yo genyen.

Pou garanti paran vin tounen asosye aktif k ap patisipe nan ankouraje yon anviwònman lekòl ki sennesof ak ankourajan, yo dwe abitye ak Kòd disiplin lan.

- Responsab lekòl yo gen responsablite pou pataje enfòmasyon ki nan dokiman sa a ak elèv, paran ak estaf. Nou ankouraje lekòl yo fè atelye travay pou paran ka konprann Kòd la ak kòman pou yo travay pi byen ak lekòl la pou kore pwogrè sosyoemosyonèl pitit yo.
- Edikatè yo responsab pou enfòmè paran sou konpòtman pitit yo ak pou favorize ladrès elèv yo bezwen pou yo gen siksè nan lekòl ak nan sosyete a. Yo ankouraje paran pou pale ak pwofesè pitit yo ak lòt estaf lekòl la sou pwoblèm ki ka afekte konpòtman elèv yo ak estrateji ki ka efikas lè y ap travay ak elèv la.

Li enpòtan pou gen bon chita pale ak bon kominikasyon ant lekòl la ak lakay. Lekòl dwe fè aranjman pou sèvis entèpretasyon ak tradiksyon si sa nesèsè pou kominike avèk paran. Nan konferans sou konsèy direktè a oswa reprezantan I, yon konseye lekòl, paran elèv la ak yonn oswa plizyè pwofesè elèv la se yon mwayen efikas pou ankouraje opinyon paran epi yo ta dwe fè yo ak elèv yo lè sa apwopriye.

Paran ki vle pale sou sipò ak entèkansyon pou reponn konpòtman elèv sipoze kontakte lekòl pitit yo, pa egzanp kowòdonatè paran an oswa si sa nesèsè yo ka kontakte Biwo pou defans dwa fanmi ak angajman kominote *Family Advocacy and Community Engagement (FACE)*.

Si yon elèv gen yon konpòtman ki pa apwopriye, ki vyole Kòd disiplin lan, direktè a oswa reprezantan I dwe rapòte konpòtman an ba paran elèv la. Lè yo kwè yon elèv komèt yon krim, yo dwe fè lapolis konnen epi yo dwe kontakte paran I. Gade Règleman Chanselye A-412 *Chancellor's Regulation (CR A-412)*.

*Nenpòt lè yo itilize tèm "paran" nan regleman sa a, sa vle di paran elèv la oswa responsab li oswa tout moun ki jwe wòl paran oswa ki gen gad elèv la oswa elèv la limenm, si li se yon minè emansipe oswa si li gen laj 18 ane.

Prezans

Prezans nan lekòl enpòtan pou pwogrè ak siksè yon elèv. Pèsonèl lekòl la dwe asire yo fè motivasyon, entèkansyon ak sipò apwopriye pou elèv ki gen pwoblèm prezans ki ka parèt kòm absanteyis oswa abitud absans ki pa motive oswa neglijan nan edikasyon.

Nan ka absanteyis, pèsonèl lekòl la dwe rankontre avèk elèv la ak paran I pou yo ka wè ki sipò ki nesèsè ak yon seri aksyon apwopriye ki ka gen ladan bagay sa yo ak lòt ankò: entèkansyon pou oryantasyon, rekòmandasyon pou konsèy ak/oswa rekòmandasyon pou pwogram aprelekòl.


Komite prezans lekòl la oswa komite estaf elèv la ta dwe revize ka absanteyis ki rive tout tan epi yo ta dwe enfòmè pwofesè prezans yo, sansè a, konseye pedagojik yo, travayè sosyal yo ak lòt estaf lekòl la pou ede jwenn yon solisyon. Yo dwe rapòte ka neglijan yo sispèk nan edikasyon ba New York State Central Register dapre Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation A-750 (CR A-750)*.

KREYE LEKÒL KI GEN SEKIRITE, KI BAY SIPÒ KOTE ELÈV SANTI YO BYEN

ANKOURAJE BON KONPOTMAN ELEV

Mòd fonksyonman ak klima lekòl la gen yon gwo efè sou pwogrè akademik elèv yo ak rapò yo ak kamarad yo ak adilt yo. Nou atann pou chak lekòl ankouraje yon klima lekòl pozitif ki ofri elèv yon anviwònman ankourajan kote pou yo fè pwogrè ni onivo akademik ni onivo sosyal.

Nou atann pou lekòl yo jwe yon gwo wòl nan ankouraje bon konpòtman sosyal elèv yo. Aprantisaj sosyoemosyonèl dwe se yon eleman debaz nan pwogram prevansyon inivèsèl yon lekòl pou tout elèv. Bonjan aprantisaj sosyoemosyonèl ede elèv devlope aptitud fondamantal pou lavi, paegzanp :



Lè elèv yo devlope aptitud sa yo, yo fè plis eksperyans pozitif avèk kamarad yo, yo angaje nan plis konpòtman sosyal pozitif epi yo gen mwen chans pou yo gen move konpòtman.

Etabli yon estrikti sipò konpòtman ak entèvansyon nan plizyè nivo nan lekòl la ki esansyèl pou aplike disiplin pa etap. Objektif sipò konpòtman se pou ankouraje rezilyans, ede elèv konprann ak suiv règ lekòl la, epi kore yo nan devlope aptitud yo bezwen pou satisfè konpòtman y ap tann pou yo genyen an.

Manm estaf lekòl yo responsab tou pou abòde move konpòtman elèv ki deranje aprantisaj. Yo atann pou responsab, pwofesè, konseye ak lòt estaf lekòl yo angaje tout elèv nan estrateji entèvansyon ak prevansyon ki konsène pwoblèm konpòtman epi pale sou yo ak elèv la ak paran l.

Men kèk estrateji entèvansyon ak prevansyon:

- sipò ak sèvis pou abòde sikonstans pèsonèl ak famiyal;
- aprantisaj sosyal/emosyonèl;
- rezolisyon konfli;
- medyasyon ant kamarad;
- negosyasyon an kolaborasyon;
- pratik koreksyon *restorative practices* (e.g., sèk, konferans koreksyon ofisyèl);
- jesyon kòlè;
- jesyon estrès;
- rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon;

- aprantisaj abilite kominikasyon;
- itilizasyon lòt materyèl ak/oswa metòd enstriksyon; sèvis ranfòsman ak/oswa
- devlopman oswa revizyon evalyasyon konpòtman fonksyonèl ak plan entèvansyon pou konpòtman, ke yo ta sipoze revize kòm yon estrateji entèvansyon byen bonè.

Si, nenpòt lè otorite lekòl la sispèk difikilte yon elèv kapab se konsekans yon andikap ki ta egzije sèvis edikasyon espesyal, yo ta dwe rekòmande imedyatman ba Komite pou edikasyon espesyal *Committee on Special Education* (CSE).

Atravè itilizasyon estrateji pou entèvansyon ak prevansyon ki angaje elèv epi ki ba yo yon ide klè sou objektif yo, manm estaf lekòl la fasilite pwogrè akademik ak sosyal/emosyonèl elèv yo epi yo ede yo respekte regleman ak prensip lekòl la.

Menm jan an tou, patisipasyon elèv enpòtan nan kreyasyon yon anviwònman ak yon klima pozitif lekòl ki ankouraje devlopman elèv yo ak reyalizasyon akademik yo onivo sosyal/emosyonèl. Lè yo ofri elèv anpil opòtinite pou patisipe nan pakèt aktivite sosyal epi konekte yo avèk adilt k ap ankouraje yo, sa diminye chans pou yo gen move konpòtman. Nou ka site kòm egzanp:

- Bonjan opòtinite pou pataje ide ak opinyon epi patisipe nan inisyativ onivo tout lekòl la (egzanp: gouvènman elèv, fowòm elèv yo fè regilyèman; pwojè sèvis kominote onivo tout lekòl la, etc.);
- devlopman lidèchip elèv;
- aktivite aprelekòl (egzanp, club elèv, ladan club ki gen rapò avèk espò; òganizasyon sèvis; ekip espò, etc.)
- rekonesans pwogrè elèv regilyèman nan yon pakèt domèn akademik ak lòt;

Opòtinite konsa ansanm avèk yon pwogram global sèvis sipò pou prevansyon ak entèvansyon, bay elèv yo eksperyans, estrateji, ladrès, ak sipò yo bezwen pou briye.

DISIPLIN PA ETAP

Konprann disiplin kòm yon “moman pou aprann” enpòtan anpil pou yon metòd pozitif pou disiplin. Disiplin pa etap itilize gwo entèvansyon pou konsidere konpòtman ki apwopriye nan objektif final pou anseye konpòtman sosyal. Disiplin pa etap pa chèche pou pini elèv. **Disiplin pa etap chèche pito chanjman nan responsablite ak nan konpòtman.**

Objektif disiplin pa etap la se anpeche konpòtman negatif kontinye rive lè yo ede elèv yo aprann apati pwòp erè yo. Sa ki esansyèl nan aplikasyon disiplin pa etap la se ede elèv ki gen move konpòtman pou yo:

- konprann rezon ki fè konpòtman an pa akseptab ak pwoblèm li lakoz;
- konprann kisa yo ta ka fè ki diferan nan menm sitiyasyon an;
- pran responsablite pou aksyon yo fè;
- ba yo opòtinite pou yo aprann estrateji ak aptitud sosyal pou yo itilize alavni; epi
- konprann y ap jwenn konsekans nivo ki pi sevè si konpòtman sa a repete ankò.

Yo dwe fè tout efò posib pou korije move konpòtman elèv atravè konsèy ak lòt entèvansyon nan lekòl la tankou pratik koreksyon *restorative practices*. Sipò ak entèvansyon enpòtan paske konpòtman ki pa

apwopriye ak vyolasyon kòd disiplin lan se ka sentòm yon pwoblèm ki pi grav ke elèv la genyen. Kidonk li enpòtan pou pèsonelekòl la sansib ak pwoblèm ki ka enfliyanse konpòtman elèv yo epi reyaji yon manyè ki pi favorab la pou bezwen yo.

Chwa sanksyon an

Responsab lekòl yo dwe gade dokiman sa a (Kòd disiplin lan) lè y ap detèmine ki sanksyon pou yo bay. Lè y ap detèmine kòman pou yo rezoud pi byen pwoblèm konduit ki pa kòrèk, li nesèsè pou evalye tout sikonstans ki fè pati konduit la. Yo **dwe** konsidere done sa yo avan yo detèmine mezi disiplin ki apwopriye a:

- laj ak degre matirite elèv la;
- dosye disiplin elèv la (paegzanp nati nenpòt move konduit, kantite ka move konduit avan ak mezi disiplin ak entèvansyon pou konsèy ki te aplike pou chak);
- tip, gravite ak kategori konpòtman an ;
- nan sikonstans/kontèks konpòtman an te rive;
- kantite fwa ak kantite tan konpòtman an dire ;
- kantite moun ki enplike nan konpòtman an ;
- kondisyon/bezwen sosyal emosyonèl tout moun ki konsène avèk konpòtman an;
- Plan edikasyon endividyèl *Individualized Education Plan (IEP)* elèv la, Plan entèvansyon konpòtman *Behavioral Intervention Plan (BIP)* ak/oswa Plan akomodasyon 504 elèv la, si genyen.

Sipò ak entèvansyon fè pati entegral yon repons global pou move konpòtman.


Pinisyon ki apwopriye a ta dwe konsantre sou prevansyon ak entèvansyon ki efikas, ankouraje rezilyans, anpeche entèripsyon nan edikasyon elèv, epi ankouraje devlopman yon pratik pozitif nan lekòl la. Lè move konduit yon elèv lakoz yo mete l deyò nan salklas, lekòl la ta dwe konsidere pou itilize medyasyon ant kamarad oswa pwosesis metòd reparasyon an kòm yon estrateji efikas pou ede elèv yo retounen avèk siksè nan pwogram regilye li.

Pou elèv ki gen andikap ki gen konpòtman ki anpeche yo patisipe nan lekòl, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl *functional behavioral assessment (FBA)* se yon zouti enpòtan pou konprann kisa ki lakoz konpòtman elèv la. Yon plan entèvansyon pou konpòtman *behavioral intervention plan (BIP)* apre yon FBA bay metòd presi pou rezoud pwoblèm konpòtman elèv la.

DEGRE DISIPLIN

Citywide Standards of Intervention and Discipline Measures fè elèv yo pran responsablite pou konpòtman yo. Yo gwoupe enfraksyon yo nan senk nivo dapre gravite enfraksyon an. Nenpòt lè li posib ak apwopriye, repons pou move konduit la ta dwe kòmanse ak nivo disiplin ki pi piti a epi li ta dwe gen ladan entèvansyon sou oryantasyon ki apwopriye.

Nivo enfraksyon ofiamezi Yo gwoupe enfraksyon yo nan senk nivo dapre gravite enfraksyon an.



Chak nivo enfraksyon gen ladan yon seri entèvansyon sou oryantasyon ki posib ansanm ak yon echèl sanksyon soti nan minimòm rive nan maksimòm yon pwofesè, yon direktè, responsab egzekitif anchèf *Office of School and Youth Development* oswa reprezantan Chanselye a oswa sipèentandan kominote a ka pran.

Direktè, pwofesè, paran, estaf lekòl bezwen konnen mezi disiplin yo ka pran lè yon elèv gen move konpòtman oswa lè li twouble yon salklas. Kòd disiplin lan divize an de seksyon: -Seksyon A: Klas K-5yèm ane ak Seksyon B: Klas 6yèm-12yèm ane - pou asire yo konsidere laj ak matirite jeneral elèv la. Gen kèk enfraksyon ki pa aplike pou elèv ki nan klas kindergarten-3yèm ane. Lè lekòl ap detèmine si yon elèv gen yon move konpòtman dapre Kòd disiplin lan, yo sipoze pran ankout laj devlopman elèv la.

Ki kote ak kilè Kòd disiplin lan aplike

Nòm yo tabli nan Kòd disiplin lan aplike pou konpòtman:

- nan lekòl pandan lè lekòl;
- avan ak apre lekòl, pandan yo nan lakou lekòl la;
- pandan y ap vwayaje nan machin NYC DOE peye pou yo;
- nan tout aktivite lekòl la patwone; ak
- sou lòt pwopriyete ki pa pwopriyete lekòl la lè konpòtman sa a ka gen efè negatif sou pwosesis edikatif la oswa lè li mete sante, sekirite, moral oswa byennèt kominote lekòl la an danje.

Lè move konpòtman an gen ladan kominikasyon, jès oswa pawòl, enfraksyon an aplike pou kominikasyon oral, ekri oswa elektwonik, tankou tèks mesaj, imèl ak rezo sosyal ak lòt bagay ankò.

Enfraksyon ki site la yo se pa yo sèlman ki genyen. Elèv ki gen move konpòtman ki pa nan lis la ka resevwa sanksyon ki apwopriye pwofesè a, direktè a oswa responsab egzekitif anchèf *Office of School and Youth Development* oswa reprezantan Chanselye a oswa sipèentandan kominote a ka bay dapre vyolasyon regleman lekòl la pandan yo rete konfòm avèk nòm pou abòde konpòtman elèv ki pa apwopriye nan klas K-12, jan nou montre sa la a. Pou asire ke estaf, elèv ak paran okouran tout nòm konpòtman yo atann yo, yo dwe mete regleman lekòl yo alekri, epi yo dwe bay elèv yo yon fason ki apwopriye selon klas elèv la.

Kòd disiplin lan ofri mezi responsablite pwogresif pou elèv ki gen move konpòtman repete malgre entèvansyon ak/oswa mezi disiplin apwopriye yo te pran avan.

Y ap pran mezi disiplin ki pi sevè kont elèv sa yo ki gen abitud move tout tan. Lè sa posib ak lè sa apwopriye, avan yo pran mezi sa yo, responsab lekòl yo ta dwe fin itilize mezi disiplin ki mwen sevè yo anmenmtan avèk mezi sipò ak entèvansyon.

KONSIDERE BEZWEN KONPÒTMAN TIMOUN KI NAN PRE-K

Kòd disiplin lan etabli tip konpòtman yo atann pou elèv klas K-12yèm ane genyen. Kòd disiplin lan pa konsène elèv ki nan Pre-K. Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) ak Administration for Children's Services Vil Nouyòk pran angajman pou asire tout timoun ki soti nan pwogram debitan, prepare pou rantrè nan kindergarten tou pre pou reyisi onivo akademik ak konpòtman. Pou plis enfòmasyon sou Jesyon konpòtman, gade deklarasyon Administrasyon pou sèvis timoun *Administration for Children's Services* ak deklarasyon DOE sou jesyon konpòtman, nan sit wèb DOE a anba seksyon [Early Childhood](http://schools.nyc.gov/Academics/EarlyChildhood/educators/UPK.htm): <http://schools.nyc.gov/Academics/EarlyChildhood/educators/UPK.htm>.

SIPÒ AK ENTÈVANSYON

Pou ankouraje bon konpòtman, lekòl yo ofri yon seri sèvis sipò pou prevansyon ak entèvansyon pou elèv pandan ak/oswa apre lè lekòl pandan ane lekòl la. Lè yon elèv gen move konpòtman, Kòd disiplin lan gen yon lis entèvansyon pou konsèy byen long ke yo ta dwe konsidere dapre tip konpòtman elèv la genyen an. Sipò ak entèvansyon fè pati entegral yon repons global pou move konduit. **Yo atann pou lekòl yo ofri sèvis sipò epi mete yo sou dosye nan SOHO, nan tout etap pwosesis disiplin lan, menm pandan moman sispansyon.** Lè yo itilize entèvansyon avèk konsistans yon fason apwopriye, sa ka ede amelyore konpòtman elèv, li diminye kantite fwa elèv repete move konpòtman an epi li kontribiye pou yon anviwònman lekòl ki pi pozitif. Sèvis sipò yo ka gen ladan yo nenpòt entèvansyon oswa yon melanj sèvis ki satisfè bezwen chak elèv an patikilye pi byen.

Dokiman kontrandi obligatwa

Tout entèvansyon ak sipò yo bay yon elèv pou reponn yon ensidan konpòtman, yo **dwe antre yo nan sistèm Suspensions and Office of Hearings Online (SOHO)**, kèlkeswa si yo pran yon mezi disiplin kont ensidan an oswa yo pa pran mezi disiplin.

Egzanp sipò ak entèvansyon

<p style="text-align: center;">Kominikasyon avèk paran</p> <p>Estaf lekòl la ta dwe kenbe paran yo okouran konpòtman pitit yo epi konsidere paran kòm asosye lè y ap chèche rezoud pwoblèm yo. Motivasyon paran yo ka gen ladan yon apèl nan telefòn ak/oswa yon mesaj ekri ak lòt bagay ankò.</p>	<p style="text-align: center;">Rapò pwogrè akou tèm sou konpòtman</p> <p>Pwofesè ak/oswa direktè ka voye rapò pwogrè sou konpòtman ba paran regilyèman jiskaske yo santi elèv la gen kontwòl konpòtman l epi l ap travay nan salklas la avèk siksè.</p>
<p style="text-align: center;">Konferans pou konsèy</p> <p>Direktè ak pwofesè yo ka mande yon konferans pou konsèy avèk elèv la epi, lè sa apwopriye, avèk paran elèv la. Objektif konferans lan se pou revize konpòtman an, jwenn solisyon pou pwoblèm lan ak konsidere pwoblèm akademik, pèsònèl ak sosyal ki ka lakoz oswa ki ka kontribiye pou konpòtman an.</p>	<p style="text-align: center;">Devlopman kontra sou konpòtman endividyèl</p> <p>Elèv la rankontre avèk pwofesè yo pou kreye yon kontra alekri ki gen ladan objektif ak travay pèfòmans espesifik elèv la pral fè pou l atenn objektif sa yo. Elèv la, ak pwofesè a ak paran an, le sa apwopriye siyen kontra a.</p>
<p style="text-align: center;">Entèvansyon estaf konsèy yo fè</p> <p>Kote sa disponib, pèsònèl pou konsèy ki nan lekòl la ak/oswa pwogram sante mantal nan lekòl la ofri yon pakèt sèvis ak entèvansyon sante mantal konplè ak konfidansyèl, ladan: evalyasyon, konsèy ak/oswa terapi endividyèl, an gwoup ak an fanmi, chita pale avèk pwofesè, ak estrateji edikasyon pou paran ak estaf.</p>	<p style="text-align: center;">Rekòmandasyon Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team (PPT)</i></p> <p>PPT a se ekip ki nan lekòl la ki itilize yon metòd avèk plizyè disiplin pou ankouraje siksè elèv atravè estrateji ak sipò prevansyon ak entèvansyon. Yo idantifye yon responsab ka <i>case manager</i> pou chak rekòmandasyon yo fè pou elèv epi yo kreye yon IEP pou ede elèv la fè fas avèk difikilte akademik ak/oswa sosyoemosyonèl li.</p>
<p style="text-align: center;">Pratik koreksyon</p> <p>Itilizasyon pratik koreksyon <i>restorative practices</i> pou ankouraje bon relasyon ant moun ak nan gwoup ak rezoud move konpòtman lè li rive se yon poto mitan nan yon apwòch pwogresif pou disiplin. Nan pratik koreksyon an genyen negosyasyon an kolaborasyon, pwosesis an sèk, medyasyon ant kamarad, rezolisyon konfli, ak konferans koreksyon fòmèl.</p>	<p style="text-align: center;">Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon</p> <p>Lè yon elèv gen move konpòtman, yon manm estaf lekòl ki resevwa fòmasyon ka itilize pwoseis rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon an pou idantifye pwoblèm espesifik ki lakoz konpòtman an, bay enkyetid adilt yo konsènan konpòtman an epi angaje elèv la nan yon pwosesis kolaborasyon pou konsidere rezon prensipal konpòtman an epi deside yon plan aksyon ki anmenm tan rezonab ke toulede pati yo ka aksepte.</p>
<p style="text-align: center;">Konsèy endividyèl/angwoup</p> <p>Konsèy endividyèl ofri elèv yon opòtinite pou pataje pwoblèm anprive ki ka gen efè negatif sou prezans, konpòtman ak/oswa siksè akademik. <i>Counseling</i> antigwoup yo ka konsidere bezwen tankou jesyon estrès, jesyon kolè, devlopman kapasite pou rezolisyon konfli ak/oswa kapasite kominikasyon ki efikas, elatriye. Elèv yo diskite ak kreye objektif epi yo aprannn estrateji pou rezoud pwoblèm ki pral pèmèt yo fè fas ak divès defi pèsònèl yo rankontre. Konsèy yo ap fè konferans avèk paran yo regilyèman pou diskite pwogrè akademik ak pèsònèl elèv la.</p>	<p style="text-align: center;">Rekòmandasyon pou sèvis <i>Konsèy pou vyolans bullying, entimidasyon oswa arasman</i></p> <p>Lè yon elèv oswa yon gwoup elèv patisipe nan vyolans tankou cyberbullying, entimidasyon oswa arasman ki baze sou patipri oswa yon lòt elèv oswa yon gwoup elèv, ni viktim lan ni elèv ki gen move konpòtman an, yo ta dwe rekòmande yo pou <i>counseling</i>, sipò ak sèvis edikasyon apa ke estaf lekòl la oswa yon ajans CBO bay. Ni medyasyon ni rezolisyon konfli nan okenn sikonstans yo pa entèvansyon ki apwopriye pou vyolans, entimidasyon oswa arasman.</p>

Egzanp sipò ak entèvansyon

<p>Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy pou entimidasyon, oswa arasman ki baze sou prejije</p> <p>Lè yon elèv oswa yon gwoup elèv patisipe nan entimidasyon oswa arasman ki baze sou prejije kont yon lòt elèv oswa yon gwoup elèv, ni viktim lan ni elèv ki gen move konpòtman an, yo ta dwe rekòmande yo pou konsèy, sipò ak sèvis edikasyon separe ke estaf lekòl la oswa yon ajans CBO bay. Ni medyasyon ni rezolasyon konfli nan okenn sikonstans yo pa entèvansyon ki apwopriye pou vyolans, entimidasyon oswa arasman ki baze sou prejije.</p>	<p>Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy sou abi nan rapò oswa nan vyolans seksyèl sou jèn</p> <p>Lè yon moun pran abitid itilize menas oswa abi fizik, seksyèl ak/oswa emosyonèl pou kontwole yon moun li renmen avèk li, lekòl la ta dwe rekòmande ni viktim lan ni elèv ki gen move konpòtman an nan lekòl oswa CBO apa pou counseling, sipò ak edikasyon. Ni fè medyasyon ni rezoud konfli, nan kèlkeswa sityasyon, yo pa reprezante entèvansyon apwopriye pou ka abi yo sispèk nan relasyon.</p>
<p>Pwogram Mentoring</p> <p>Yon pwogram akonpayman <i>mentoring</i> mete yon yon moun ki ka yon konseye, pwofesè, elèv ak/oswa yon administratè avèk yon elèv ki gen bezwen sipò anplis. Objektif relasyon sa a se pou ede elèv la nan fòmasyon pèsònèl, akademik ak sosyal li.</p>	<p>Mentor/Antrenè</p> <p>Travay yon manm estaf lekòl la ki fòme pou ofri sipò tranzisyon pou yon elèv apre yon sipèntandan te sispann li oswa apre yon absans ki long anpil.</p>
<p>Rekòmandasyon pou òganizasyon kominotè Community Based Organization (CBO)</p> <p>Yo ka rekòmande elèv yo nan yon CBO pou divès sèvis tankou pwogram apre lekòl, konsèy endividyèl oswa angwoup, fòmasyon lidèchip, rezolasyon konfli ak leson akademik patikilye.</p>	<p>Rekòmandasyon pou sèvis konsèy konsènan alkòl - dwòg</p> <p>Nan ka kote yon elèv prezante pwoblèm izaj dwòg, tankou izaj dwòg, posesyon oswa distribisyon ilegal dwòg, materyèl pou dwòg ak/oswa alkòl, yo ta dwe fè li rekòmandasyon pou sèvis konsèy ki swa nan lekòl la, swa yon ajans deyò, oswa nan yon òganizasyon kominotè CBO.</p>

PRATIK KOREKSYON

Tout manm yon kominote lekòl pote ansanm avèk yo divès aptitud, enterè, opinyon ak eleman familyal ak kiltirèl yo. Diferans sa yo ka yon sous pou anpil enèji ak fòs lè manm kominote a bay yonn lòt valè ak respekte yonn lòt. Itilizasyon metòd koreksyon *restorative practices* pou ankouraje bon relasyon ant moun ak nan gwoup ak rezoud move konpòtman lè li rive se yon poto mitan nan yon apwòch pwogresif pou disiplin.

Yon metòd pou koreksyon chanje kesyon fondamantal yo poze lè yon ensidan ki gen rapò ak konpòtman rive. Olye pou mande kiyè ki gen tò ak kòman pou pini sa yo ki te gen move konpòtman yo, yon metòd pou koreksyon poze kat kesyon kle:

- Kisa ki te pase?
- Kiyès ki te sibi chòk oswa kiyès konpòtman an afekte?
- Kisa yo bezwen fè pou korije sitiyasyon an?
- Kòman moun yo ka konpòte yo yon lòt fason alavni?

TIP PRATIK POU KOREKSYON

Pwosesis sèk la: itilizasyon pwosesis sèk pou koreksyon an nan pwogram edikatif la yon lekòl se yon estrateji pou prevansyon ak entèvansyon ki enpòtan anpil. Pwosesis an fòm sèk la pèmèt yon gwoup bati relasyon ak tabli konpreyansyon ak konfyans, kreye yon kominote ki gen sans, aprann kòman pou pran desizyon ansanm, devlope antant pou avantaj tout moun, rezoud pwoblèm ki difisil, epi rezoud pwoblèm nan moman yo rive.

Elèv yo se pi gwo gwoup patnè nan yon kominote lekòl epi li se pi gwo resous natirèl pou kreye ak sipòte yon anviwònman lekòl sennesof ak agreyab. bati kominote pami elèv ak ant elèv ak estaf enpòtan pou kreye yon fonsyònman agreyab ak enklizif nan lekòl la. Lè elèv yo santi yo aksepte yo, ba yo valè, respekte yo ak entegre yo, yo bati yon koneksyon pozitif pou lekòl la epi yo ankouraje rezilyans. Sèk konstriksyon kominote konsantre sou:

- **Sekirite ak konfyans.** Manm kominote a bezwen yon sans sekirite ak konfyans pou yo konekte yonn ak lòt.
- **Onè.** Manm yo aji yonn ak lòt nan jistis ak entegrite epi yo rekonèt pwòp responsablite yo pou aksyon yo poze.
- **Ouvèti.** Manm kominote yo santi yo alèz pou yo bay opinyon yo ak santiman yo.
- **Respè.** Pou yo ka konekte kòm yon kominote, manm yo dwe santi yo ba yo valè ak respekte yo kòm moun, epi yo dwe reponn yonn ak lòt ak respè.
- **Ranfòsman kapasite.** Yon sans ranfòsmankapasite se yon eleman enpòtan ak yon volonte pou vin manm yon kominote. Sipò kominotè pèmèt manm yo vin gen yon nouvo ide de tèt yo ak yon nouvo sans konfyans nan kapasite yo.

Lè yo itilize pwosesis pou koreksyon kòm yon mezi entèvansyon pou rezoud move konpòtman elèv, li ka ede lekòl yo bati rapò ak bay manm kominote yo kapasite pou pran responsablite pou byennèt lòt moun; anpeche oswa rezoud konfli avan li pi grav; konsidere faktè enpòtan ki fè jèn gen move konpòtman ak bati fleksibilite; ogmante kapasite sosyal moun ki fè lòt mal, anpatikilye sa yo ki fè lòt moun mal; epi bay moun ki mal aji yo opòtinite pou yo pran responsablite pou moun yo fè mal epi pèmèt yo repare mal la lè sa posib. Yo ka itilize yon sèk tou kòm repons pou yon pwoblèm anpatikilye ki afekte kominote lekòl la.

Negosyasyon an kolaborasyon: Itilizasyon negosyasyon an kolaborasyon an pèmèt yon moun pale sou yon pwoblèm oswa yon konfli dirèkteman avèk moun li gen pwoblèm lan pou rive jwenn yon solisyon ki satisfè toulede. Trening nan negosyasyon an kolaborasyon an gen ladan aprantisaj koute ak atansyon ak lòt teknik kominikasyon pou rezoud pwoblèm.

Medyasyon ant kamarad: Yon abit ki pa gen patipri(nan yon lekòl, yon elèv ki resevwa fòmasyon pou jwe wòl abit pou kamarad li)fasilite pwosesis negosyasyon an ant pati ki an konfli yo pou yo ka jwenn yon solisyon ki satisfè tout moun. Medyasyon rekonèt ke pwendvi konfli moun k ap diskite yo valab epi li ede yo jwenn yon solisyon ki satisfè toulede. Moun k ap diskite yo dwe chwazi itilize medyasyon epi yo dwe adopte pwosesis la volontèman. Yo pa itilize medyasyon nan sitiyaasyon kote yon moun se viktim (paegzanp, nan ka arasman oswa entimidasyon).

Konferans fòmèl pou koreksyon: Yon moun ki resevwa fòmasyon espesifik fè yon konferans pou reyini moun ki gen konsyans yo te fè lòt moun mal. Kèlkeswa sikonstans lan, sante mantal ak fizik, sekirite ak byennèt moun ki te afekte a gen gwo enpòtans lè yo konsidere opsyon sa a nan yon anviwònman lekòl. Toude pati yo ka mennen nan konferans lan sipòtè ensidan an te afekte tou. Objektif konferans lan se pou fè moun ki fè mal la ak moun ki viktim lan konprann yonn lòt epi jwenn yon antant ki pral repare mal la toutotan li ka repare. Yo ka itilize yon reyinyon ofisyèl koreksyon kòm yon entèvansyon ansanm avèk yon sanksyon (egzanp yon elèv patisipe nan yon reyinyon koreksyon ofisyèl anmèmtan yo retirel nan klas yon pwofesè oswa li jwenn sispansyon direktè lekòl la oswa sipèentandan an.

KONSIDERE KONPÒTMAN VYOLAN AK KONPÒTMAN KI BAZE SOU PREJIDIS

Nou atann pou chak lekòl gen yon klima agreyab nan lekòl la ki ankouraje relasyon moun ak moun ak relasyon gwoup ki pozitif ak respè pou divèsite pami elèv ak ant elèv ak estaf, ofri tout elèv yon anviwònman ankourajan ki ansekirite kote pou yo pwogrese ak reyisi onivo akademik ak sosyal. Kapasite elèv yo pou aprann ak satisfè gwo nòm akademik ak kapasite yon lekòl pou edike elèv li yo andanje lè elèv yo gen konpòtman diskriminasyon oswa arasman, vyolans oswa entimidasyon kont lòt elèv.

Vyolans ak arasman ka pran plizyè fòm epi li gen ladan konpòtman ki vize elèv akòz ras, koulè, peyi yo soti, etnisite, sityasyon imigrasyon, relijyon, kwayans, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks, idantite seksyèl, jan yo eksprime sèks oswa gwosè ki reyèl oswa ke yo sispèk. Konpòtman sa yo poze gwo menas pou tout elèv epi se responsablite yon lekòl pou elimine anviwònman agresif arasman sa kreye, konsidere efè yo epi pran mezi pou asire arasman sa pa rive ankò.

Tout moun nan kominote lekòl la-pwofesè, estaf sipò, ajan sekirite, estaf kafeterya, estaf gadyen, chofè otobis, konseye pedagojik, elèv ak paran-bezwen konprann kisa vyolans ye epi regleman DOE ki entèdi konpòtman sa yo. Klarifye regleman lekòl ki entèdi vyolans ak diskriminasyon epi dekouraje konpòtman obsèvatè (k ap gade) enpòtan anpil pou ede elèv yo jwe yon gwo wòl nan anpeche vyolans.

Aprantisaj sosyoemosyonèl efikas entegral pou anpeche konpòtman vyolan ak/oswa konpòtman prejidi ant elèv ki ka ede elèv devlope bon jan konpetans sosyoemosyonèl. Konpetans fondamantal sa yo se: rekonèt ak jere pwòp emosyon yo; devlope atansyon ak sousi pou lòt moun; tabli relasyon pozitif; pran bonjan desizyon; epi jere sityasyon difisil yon fason pozitif ak anpil etik.

Elèv ki ka rekonèt ak jere pwòp emosyon yo ka pi konfyan pase agresif oswa pi pasif lè y ap aji ak kamarad yo. Elèv ki devlope senpati ak sousi pou lòt moun epi ki gen bon relasyon gen mwens chans pou angaje nan vyolans ak diskriminasyon. Anplis, elèv ki aprann kòman pou pran desizyon ak jere sityasyon difisil ak etik yon fason pozitif gen mwens chans pou yo kanpe epi yo gen plis chans pou aji kòm asosye si yon kamarad se viktim nenpòt tip arasman. Pou ede elèv aprann kòman pou yo vin asosye, DOE ofri pwofesè ak konseye trening lè yo itilize modil kourikoulòm ki rele *Ankouraje respè pou tout moun Fostering Respect for All: Bay elèv kapasite pou yo kite kategori obsèvatè pou vin asosye ansanm ak lòt opòtinite pou fòmasyon pwofesyonèl pou Respect For All.*

Kisa *Bullying* ye?

Bullying se konpòtman ki fèt nan entansyon pou fè lòt moun mal. Moun ki komèt *bullying* lan di oswa fè yon bagay eksprè pou fè moun lan mal.

Bullying toujou mache ak yon dezekilib pouvwa (fizik oswa sosyal) oswa fòs ant moun ki fè vyolas lan ak viktim vyolans lan. Moun ki fè vyolans lan ka pi gwo oswa pi fò onivo fizik oswa li ka ki gran oswa li ka gen pi gwo ran oswa pouvwa sosyal pase moun ki viktim lan. Se yon tandans konpòtman ki repete touttan epi ki ka pran plizyè fòm.

Bullying se konpòtman agresif yon moun (oswa yon gwoup) ki vize yon moun (oswa yon gwoup) anpatikilye. Konpòtman agresif la pa byen akeyi epi li negatif. Li fèt pa eksprè epi se pa lòt moun lan ki pwovoke l. Moun yo vize a santi l blese akòz sa yo di l oswa fè l la.

Pou ede kominote lekòl la rezoud pwoblèm konpòtman vyolan ak patipri, bibliyotèk *Respect For All* ki nan sit wèb Depatman an ofri plizyè resous pou paran, elèv, estaf lekòl ak lidè lekòl. Resous sa yo se dokiman pou oryantasyon ak konsèy pou paran ak elèv, tankou yon bwochi enpòtan *RFA* pou konprann diferans ant vyolans ak konfli, ansanm ak leson, lis liv ak lòt materyèl akademik pou estaf lekòl la. Nou ankouraje lekòl yo itilize resous sa yo pou entegre leson sou prevansyon vyolans, tankou cyberbullying, ak respèt for divèsite ak lòt aktivite nan pwogram enstriksyon.

Bullying PA konfli

Konfli se yon konba ant de oswa plizyè moun ki panse yo pa gen menm objektif oswa dezi. Konfli rive natirèlman pandan n ap aji yonn ak lòt. Li nòmal nan lavi pou nou pa dakò toutan ak lòt moun sou bagay nou vle, sa nou panse oswa sa nou vle fè.

Pifò konfli ant elèv rive lè elèv wè menm sityasyon an yon fason diferan. Panse sou kèk mwayen nou dekri moun ki gen konfli: "They were butting heads"; "Te gen yon ale vini pami yo"; "se te 'li te di.'" Nan ka sa yo, toude moun yo" rakonte istwa a fason pa yo" menm jan.

Nan yon konfli moun yo ka fache ak kontrarye. Gen chan pou kantite emosyon chak moun santi pral prèske menm paske toulede ta renmen jwenn sa yo vle a. Nan anbyans moman an, emosyon yon oswa toude moun yo ka transfòme an konfli. Nou tout konnen konfli kote moun di bagay pou blese yon lòt moun ke yo regrèt pi ta.

Moun ki angaje nan konfli a vle rezoud pwoblèm lan. "ale vini" ki genyen an se chak moun k ap eseye fè opinyon yo pase pou sa yo vle a. Lè yonn oswa toude moun yo gen kapasite pou rezoud dezakò a pou bezwen yo toude satisfè, menm konfli a ant de menm moun yo gen chans pou l pa rive ankò.

Bibliyotèk *Respect For All* la ofri lekòl yo tou enfòmasyon sou opòtinite ak estrateji pou angaje elèv yo nan fè pwomosyon pou respè tankou Mwa prevansyon vyolans Bully Prevention Month, Semèn pou sispann bay moun non *No Name Calling Week* oswa atravè pwojè tankou *Se pa nan lekòl nou an Not in Our School* oswa Pa gen plas pou rayisman *No Place for Hate*. Kit lekòl yo itilize lis liv yo pou idantifye yon kou oswa liv mwa *Book of the Month* lekòl la oswa kit se edikatè ki resevwa fòmasyon ki fè seminè ant kamard pou anpeche vyolans oswa pou ankouraje respè pou divèsite, li enpòtan pou chak lekòl pran gwo angajman nan kreye yon fonksyonman ak klima nan lekòl kote tout elèv santi yo gen sekirite ak respè.

Si oumenm kòm paran ou gen enkyetid pou pitit ou a pa viktim vyolans, tanpri rapòte enkyetid ou a ba lekòl pitit ou a. Si apre ou fin fè rapò nan lekòl la, ou bezwen plis èd, tanpri kontakte kowòdonatè pou sipò fanmi an ki nan biwo Sipèentandan an. Si yon paran gen plis kesyon, kontakte

RespectforAll@schools.nyc.gov.

Nenpòt elèv ki kwè li viktim diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans akòz yon lòt elèv sipoze rapòte ensidan an bay lyezon RFA a (yo) oswa bay nenpòt lòt anplwaye lekòl. Si yon elèv pa santi li alèz pou fè yon rapò bay yon manm estaf, yon elèv kapab kontakte biwo lekòl ak fòmasyon jèn Office of Safety and Youth Development (OSYD) pou imèl rapò a nan

RespectforAll@schools.nyc.gov

Y ap envestige tout rapò konsènan arasman, diskriminasyon ak/oswa vyolans. Pou plis enfòmasyon, gade [Règleman Chanselye A-832](#).

ECHEL PWOGRESIF KONSEKANS POU SIPO AK DISIPLIN

Echèl sipò ak mezi disiplin ki pi ba yo montre yon pwogrè nan sanksyon pou move konpòtman. Yo dwe jere move konpòtman elèv dapre chak ka anpatikilye. Nan tout ka, aplikasyon entèvansyon ak sanksyon ki apwopriye dwe konsidere yon kantite faktè tankou tip ak gravite move konduit la. Nan plizyè ka, itilizasyon repons pou disiplin nan lekòl la ak/oswa itilizasyon sipò ak entèvansyon ka pi bon. Nan lòt ka, move konpòtman yon elèv ka mande pou l resevwa yon sanksyon byen presi oswa ki pi gen sans ansanm avèk sipò ak entèvansyon. Nan tout sikonstans, li ta pi bon pou elèv la jwenn sipò ak entèvansyon andeyò salklas la.

Sipò ak sanksyon anmèntan pou yon move konpòtman	
Lè yon elèv gen move konpòtman, yo ba li sèvis sipò pou abòde konpòtman inapwopriye elèv la ak/oswa pwoblèm elèv la ka genyen ki ka fè li aji konsa a, ansanm avèk sanksyon. Objektif la se ankouraje pwogrè sosyoemosyonèl ak konpòtman sosyal epi prevni move konpòtman alavni.	
Opsyon sipò ak entèvansyon	Opsyon pou sanksyon
<p>Pou elèv sipèentandan sispann, yo bay sèvis sipò pou elèv nan yon lòt lokal enstriksyon. Yo fè kontak ant lokal la ak lakay elèv la pou asire li fè pwogrè akademik ak pou tranzisyon an reyisi lè l retounen.</p> <p style="text-align: center;">Diferan opsyon sipò ak entèvansyon</p> <ul style="list-style-type: none"> • Konferans pwofesè/obsèvasyon nan salklas • Medyasyon ant kamarad; rezolisyon konfli • Pratik koreksyon <i>restorative practices</i> (e.g., sèk, konferans koreksyon ofisyèl); • Nominasyon yon mentor/antrenè • Leson sou konsèy nan salklas • Aprantisaj sosyo-emosyonèl • Kontra pou konpòtman endividyèl oswa rapò sou pwogrè • Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon • Rekòmandasyon ba Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team</i> (PPT) • Kontakte paran • Konferans pou konsèy • Konsèy endividyèl ak/oswa an ti gwoup • Rekòmandasyon ba enfimye lekòl la oswa ba klinik sante ki nan lekòl la oswa ba founisè sante deyò • Rekòmandasyon pou sèvis sipò akademik • Rekòmandasyon ba founisè Konsèy sante mantal deyò oswa ba CBO • Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy pou <i>bullying</i>, entimidasyon oswa arasman • Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy sou abi nan relasyon oswa vyolans seksyèl pami jèn • Rekòmandasyon pou Konsèy ki apwopriye kont izaj dwòg • Rekòmandasyon ba pwofesè/kowòdonatè prezans lan • Evalyasyon konpòtman fonksyonèl <i>Functional Behavioral Assessment (FBA) /Plan entèvansyon pou konpòtman Behavioral Intervention Plan (BIP)</i> • Konferans avèk konseye lekòl la ak/oswa lòt estaf sipò ak/oswa administratè 	<p style="text-align: center;">Sispansyon Sipèentandan an bay</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon ane san yo pap konsidere pou revize ka a pou elèv la tounen avan sa • Yon ane san yo pap konsidere pou revize ka a a 90 ak 135 jou • 60-90 jou lekòl san revizyon chak 30 jou lekòl • 30-59 jou lekòl avèk revizyon ka a nan 30 jou lekòl pou sispansyon 39 jou lekòl oswa plis • 1-29 jou lekòl • 6-10 jou lekòl • Reentegrasyon imedyat nan salklas <p style="text-align: center;">Elèv pwofesè mete deyò nan klas oswa sispansyon direktè bay</p> <ul style="list-style-type: none"> • Elèv pwofesè mete deyò nan salklas • Sispansyon direktè lekòl la bay (jiska 5 jou lekòl) <p style="text-align: center;">Diferan sanksyon nan lekòl la</p> <ul style="list-style-type: none"> • Konferans fòmèl pou koreksyon • Kontra endividyèl sou konpòtman • Rapò pwogrè akoutèm • Rekòmandasyon ba Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team</i> (PPT) • Konferans sipèvizè avèk elèv • Sanksyon disiplin nan lekòl la (egzanp., retni) • Konferans avèk paran • konferans elèv/pwofesè • Konferans avèk administratè/paran ak/oswa konferans sansè/elèv • Reyinyon administratè avèk elèv la pou abòde pwoblèm lan ak konsekans li
Premye repons	
<p>Lè yon elèv ap fè eksperyans difikilte oswa l ap konpòte l yon fason inapwopriye, pwofesè a kontakte paran an, epi toudepan tip konpòtman an ak severite li ak laj ak nivo matirite elèv la, pwofesè a ap pran youn oswa plis etap sa yo: fè yon konferans avèk elèv la; rekòmande elèv la bay konseye lekòl la ak/oswa PPT a, ak/oswa sansè a (klas lekòl presegondè ak lekòl segondè). Yo itilize yonn oswa plizyè entèvansyon ak/oswa opsyon pou sanksyon prensipal pou rezoud pwoblèm konpòtman elèv la.</p>	
Prevansyon inivèsèl pou tout elèv	
<p>Lekòl la pran yon apwòch pou tout lekòl la pou ankouraje bon konpòtman elèv. Nou rantre aprantisaj sosyoemosyonèl nan kourikoulòm lan. Estaf la reyini regilyèman pou asire gen yon pwogram sipò konplè pou elèv ki gen ladan sèvis konsèy, opòtinite pou aprantisaj sosyoemosyonèl, opòtinite pou patisipasyon elèv ak sipò pou prevansyon ak entèvansyon sou konpòtman pou ankouraje ak motive konpòtman sosyal elèv ak koneksyon pozitif avèk kominote lekòl la. Lekòl la gen yon sistèm anplas pou idantifye byen bonè elèv ki nan bezwen sèvis prevansyon entèvansyon ak/oswa sèvis sipò.</p>	

PWOSEDI POU DISIPLIN

Sanksyon nan lekòl

Lekòl yo gen yon seri sanksyon yo ka itilize pou fè elèv yo pran responsablite pou move konpòtman yo epi ki pa mande pou yo mete yo deyò nan salklas oswa lekòl la, oswa pou voye yo nan yon lòt lokal pou resevwa enstriksyon. Yo delimitè sanksyon prensipal sa yo nan echèl sipò ak sanksyon pwogresif *Progressive Ladder of Support and Disciplinary Responses*. Desizyon yon lekòl pou pran sanksyon fèt pou pran dapre yon kantite faktè, tankou tip ak gravite move konduit la. Nou ankouraje lekòl yo itilize sanksyon prensipal yo lè se yo ki se repons ki pi apwopriye pou move konpòtman.

Sispansyon ak deyò nan salklas

Yo dwe fè tout sispansyon ak ranvwa nan salklas dapre pwosedi ki nan regleman chanselye a, nan lwa edikasyon eta a ak nan lwa federal. (**Sonje:** Pwosedi pou disiplin elèv yo varye soti nan sa yo itilize pandan ane lekòl regilye a ak sa yo itilize apa yo.) Yo dwe mete tout enfòmasyon nan dosye elèv la dapre [Règleman Chanselye A-443](#).

Responsab egzekitif anchèf Biwo lekòl ak devlopman jèn (“OSYD”) a oswa lòt reprezantan Chanselye a ka enpoze sispansyon pou plis pase senk jou lekòl nan tout lekòl, oswa Sipèentandan an ka fè sa, pou elèv ki nan lekòl primè ak nan lekòl presepondè. Pou fasilite referans lan, tèm “sispansyon sipèentandan” itilize nan tout dokiman sa a pou endike ni sispansyon responsab egzekitif anchèf *Office of School and Youth Development* oswa lòt reprezantan Chanselye a fè ak sispansyon sipèentandan kominote a fè.

Yo atann pou lekòl yo bay sèvis sipò pou elèv k ap retounen sot nan sispansyon pou yo ka ogmante kapasite yo pou satisfè nòm sosyal ak akademik kominote lekòl la.

Yo dwe antre tout sanksyon ak sipò tousuit nan SOHO.

LÒT PWOTEKSYON POU ELÈV KI GEN ANDIKAP

Elèv ki gen andikap, plan 504, oswa elèv yo “kwè ki gen andikap” gen dwa pou reclame garanti pwosedi espesifik dapre IDEA (gade [Règleman Chanselye A-443](#)). Yo sispèk yon elèv gen yon andikap si paran an montre enkyetid alekri ke elèv la bezwen edikasyon espesyal ak/oswa sèvis ki gen rapò avèk edikasyon espesyal, paran an fè yon demand alekri pou yo evalye pitit li, paran an oswa estaf la montre enkyetid yo sou yon abitud nan konpòtman oswa si yo te rekòmande elèv la pou yon premye evalyasyon.

EVALYASYON POU ETIDYE KONPÒTMAN MANIFESTATION DETERMINATION REVIEW (MDR)

Yo dwe fè yon evalyasyon pou detèmine yon konpòtman lè yon elèv ki gen andikap oswa yon elèv yo sispèk ki gen andikap vin nan sitiyo kote y ap chanje li anviwònman kòm sanksyon, pou ka yo ka wè si konpòtman an se kòz andikap la oswa gen yon relasyon dirèk nan yon nivo konsiderab avèk andikap la, ak/oswa konpòtman an se rezilta dirèk dèske yo pat aplike IEP a oswa Seksyon plan 504 la. Si konpòtman elèv la se yon rezilta andikap elèv la, yo ka pa bay elèv la sanksyon pou konpòtman an, eksepte nan kèk ka kote yo wè konpòtman an se pa rezilta andikap elèv la, yo ka pran sanksyon pou konpòtman an.

Yon chanjman plasman pou disiplin rive si yo pral retire elèv la nan pwogram regilye pou: (1) plis pase 10 jou lekòl yonn apre lòt kòm konsekans sispansyon sipèentandan an bay; (2) plis pase 10 jou lekòl total nan yon peryòd ki gen 40 jou lekòl kòm konsekans twa sanksyon oswa plis (sispansyon sipèentandan, sispansyon direktè ak/oswa mete deyò nan salklas); oswa (3) 10 jou lekòl total nan yon ane lekòl kòm konsekans sanksyon direktè a konsidere kòm yon abitud mete deyò nan klas toutan. Al gade [Konpòtman difisil](#) (<http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/Classroom/behavior/challenging-behaviors.htm>)

EVALYASYON KONPÒTMAN FONKSYÒNMAN AK PLAN ENTÈVANSYON POU KONPÒTMAN

Si yon elèv ki gen IEP vin nan sitiyan pou yo pran sanksyon kont limenm epi yo wè konpòtman an se rezilta andikap elèv la, yo dwe mennen yon FBA oswa mete li ajou ak devlope oswa modifye yon BIP. Anplis, menm lè yo wè konpòtman yon elèv se pa rezilta andikap li, yon FBA ka ede yo konprann konpòtman elèv la pi byen.

Yon Evalyasyon konpòtman fonksyonman **functional behavior assessment (FBA)** se yon evalyasyon yo itilize pou chèche konnen rezon ki fè yon elèv ki gen andikap gen konpòtman ki anpeche l aprann epi kòman konpòtman an gen rapò avèk anviwònman an.

FBA a dwe baze sou plizyè sous done, yo jwenn nan plizyè anviwònman ak lè jounen an, tankou enfòmasyon dirèk lè y ap obsève elèv la; enfòmasyon elèv, pwofesè elèv la, founisè sèvis ki mache avèk edikasyon espesyal yo, oswa lòt moun ki gen entèaksyon avèk elèv la bay; ak yon evalyasyon done enfòmasyon ki disponib nan dosye elèv la ak nan lòt sous, tankou nenpòt enfòmasyon ki fè sans paran elèv la oswa moun k ap pran swen li yo founi. Se yon ekip k ap mennen FBA a; direktè lekòl la ap chwazi ekip la ak moun ki ancahaj la.

Yon plan entèvansyon konpòtman **behavioral intervention plan (BIP)** se yon plan ki baze sou rezilta yon FBA epi ki gen omwen yon deskripsyon konpòtman an, ipotèz global ak espesifik ki di poukisa li rive ak estrateji entèvansyon ki gen sipò ak sèvis pou konpòtman pozitif pou rezoud pwoblèm konpòtman an. BIP a dwe idantifye ki estrateji entèvansyon yo pral itilize pou diminye sikonstans pou anpeche konpòtman an repete, anseye elèv la lòt konpòtman pou adapte, epi bay konsekans pou konpòtman inapwopriye ak altènatif pou konpòtman ki akseptab. Yo dwe itilize done debaz yo kòm yon nòm pou etabli kritè pèfòmans pou sèvi kòm baz pou evalye efikasite entèvansyon an. Yo dwe kontwole PIB a (epi fè yon rapò bay paran an) avèk menm mezi kolèk done (frekans, entansite, dire ak/oswa peryòd) yo te itilize pou kolekte done debaz yo pou FBA a. Objektif la se pou move konpòtman an diminye pandan konpòtman pou ranplase l la ap ogmante.

Lè yo fin mennen yon FBA, ekip IEP a dwe reyini pou yo evalye rezilta FBA a, devlope yon BIP pou mache avèk li (si sa apwopriye), epi mete IEP elèv la ajou pou fè konnen si gen bezwen yon aparèy oswa sèvis patikilye tankou entèvansyon, akomodasyon oswa lòt modifikasyon pwogram, pou korije konpòtman elèv la.

SANKSYON

Sanksyon disiplin lan dwe fèt ofiamezi. Tanpri gade *Progressive Ladder of Support and Disciplinary responses* yo pou jwenn yon seri opsyon disiplin tankou itilizasyon yon konferans pou koreksyon ki fòmèl. Sonje, sanksyon lekòl la ka gen ladan retni, mete deyò nan aktivite anplis apa kourikoulòm debaz la oswa izolasyon pandan lè manje midi. Si yo itilize sanksyon nan lekòl la, yo pa dwe pran yo pandan lè kou, yo pa ka lakoz elèv pèdi kou epi yo dwe fè yo dapre Règleman sou Byennèt [Wellness Policy](#).

Yo dwe enpoze tout sanksyon dapre egzijans pwosedi Règleman chanselye A-443 epi yo dwe mache avèk seri sanksyon yo otorize pou enfraksyon patikilye a.

Yo atann pou lekòl yo itilize sipò ak entèvansyon ak sanksyon ki pa bezwen retire elèv la nan lekòl la dpi sa posib ak apwopriye, avan pou konsidere pou pwofesè, direktè oswa sipèntandan sispann elèv la.

Yo dwe antre tout entèvansyon, sanksyon ak sipò tousuit nan SOHO.

SANKSYON NAN LEKOL:

Elèv pwofesè mete deyò nan klas:

Yon elèv ki gen konpòtman ki deranje pwosesis edikasyon an oswa ki pa respekte otorite pwofesè nan salklas la, yo ka mete l deyò pou nan klas la nan kad opsyon disiplin ki nan Kòd la. Yo ka retire elèv ki nan klas K-2 nan salklas pwofesè ki mande sa a pou pa plis pase yon jou lekòl. Yo ka retire elèv ki nan klas 3-5 nan salklas pwofesè ki mande sa a pou pa plis pase 4 jou lekòl. Yo dwe pèmèt tout elèv yo retire nan yon klas ale nan yon klas yon lòt pwofesè (egzanp: mizik, art, syans).

Yo dwe voye elèv yo mete deyò yon kote nan lekòl la pou yo kontinye resevwa sèvis enstriksyon tankou travay klas ak devwamezon. Pandan yo dwe jere move konpòtman elèv selon ka espesifik la, yo dwe fè tout efò pou abòde konpòtman ki deranje klas la anpil avèk Aksyon disiplin A-E ansanm avèk sipò ak entèvansyon ki apwopriye a avan pou yo retire yon elèv nan klas yon pwofesè.

- Apre nenpòt pwofesè klas 3-5 ane mete yon elèv deyò nan salklas kat (4) fwa pandan yon semès oswa twa (3) fwa pandan yon trimès, direktè a dwe sispann elèv la pou yon peryòd minimòm yon jou si elèv la gen lòt konpòtman ki ta lakoz pou pwofesè a mete l deyò nan salklas la. Pa egzanp, olye se pwofesè sa a ki ta ka retire yon elèv nan klas li yon 5yèm fwa, se direktè lekòl la ki pou bay elèv la sispansyon. Yo dwe suiv kondisyon pou enpoze sispansyon direktè a.
Sonje: Direktè yo dwe jwenn apwobasyon CEO OSYD pou ka enpoze yon elèv 3yèm ane sispansyon.

Sispansyon Direktè a bay:

Apa sa nou di pi wo a, yon direktè gen otorite pou li sispann yon elèv pou 1-5 jou lekòl. Tout elèv yo sispann dwe resevwa enstriksyon tankou devwamezon ak travay klas nan yon lòt espas edikasyon nan lekòl la.

Direktè kapab sispann yon elèv nan klas 3-5yèm ane pou konpòtman ki prezante yon danje klè ak imedyat chòk fizik pou elèv la, lòt elèv oswa estaf lekòl la, oswa konpòtman an anpeche klas yo oswa lòt aktivite lekòl la fonksyone nòmalman, selon opsyon disiplin ki nan Kòd la. Yo pa pèmèt pou direktè sispann elèv ki nan klas K-2, eksepte nan kèk sikonstans limite ki nan Kòd disiplin lan. Direktè yo dwe jwenn apwobasyon CEO OSYD pou ka enpoze yon elèv K-3yèm ane sispansyon.

Sispansyon Sipèentandan an fè:

Yon sipèentandan ka bay yon sispansyon pou yon peryòd ki plis pase senk jou lekòl epi yo ka fè sa pou konpòtman Kòd disiplin la bay otorizasyon pou sispansyon sipèentandan. Yo pa pèmèt pou sipèentandan sispann elèv nan K-2, eksepte kote li obligatwa dapre Lwa pou pa gen zam nan lekòl, jan yo di sa nan Kòd disiplin lan.

Yo dwe bay yon elèv sipèentandan an sispann opòtinite pou yon odisyon kote elèv la gen opòtinite pou prezante prèv ak temwen nan non l epi pou poze temwen lekòl la kesyon.

Si lekòl la pwouve akizasyon an ak sispansyon an, responsab egzekitif anchèf Office of School and Youth Development oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa sipèentandan kominote a ka fè yonn nan bagay sa yo jan yo di l pi ba a:

Sispansyon Sipèentandan an fè:

<p>REINTEGRASYON IMEDYA</p>	<p>Responsab egzekitif anchèf <i>Office of Safety and Youth Development</i> oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa sipèentandan kominotè a ka reentegre elèv la nan lekòl ki sispann li an imedyatman apre yo te fin pran desizyon pou sispann li.</p>
<p>SISPANSYON K AP KONTINYE POU YON PERYÒD 6-10 JOU FIKS</p>	<p>Responsab egzekitif anchèf <i>Office of Safety and Youth Development</i> oswa yon lòt reprezantan Chanselye a oswa sipèentandan kominotè a ka kontinye ak sispansyon an nan lekòl la pou yon peryòd fiks ki se 6-10 jou lekòl kote elèv la ap resevwa enstriksyon nan yon lokal ki pa nan bilding lekòl la. Nan fen peryòd sispansyon an yo dwe reentegre elèv la nan lekòl li te ye a.</p>
<p>SISPANSYON K AP KONTINYE POU YON PERYÒD 11-29 JOU FIKS</p>	<p>Responsab egzekitif anchèf <i>Office of Safety and Youth Development</i> oswa yon lòt reprezantan Chanselye a oswa sipèentandan kominotè a ka kontinye ak sispansyon an nan lekòl la pou yon peryòd fiks ki se 11-29 jou lekòl kote elèv la ap resevwa enstriksyon nan yon lokal ki pa nan bilding lekòl la. Nan fen peryòd sispansyon an yo dwe reentegre elèv la nan lekòl li te ye a.</p>
<p>SISPANSYON K AP KONTINYE POU YON PERYÒD 30-59 JOU FIKS AVÈK YON REVIZYON NAN 30 JOU POU YON SISPANSYON 39 JOU OSWA PLIS</p>	<p>Responsab egzekitif anchèf <i>Office of Safety and Youth Development</i> oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa sipèentandan kominotè a ka bay lòd pou yo sispann yon elèv pou 30-59 jou lekòl epi reentegre l nan yon lòt lokal avèk yon evalyasyon otomatik pou yo reentegre l avan sa nan 30 jou lekòl pou elèv yo bay sispansyon pou 39 jou lekòl oswa plis. Lè y ap deside sou dat pou yo reentegre elèv la, responsab egzekitif anchèf <i>Office of Safety and Youth Development</i> oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa sipèentandan kominotè a ap konsidere kalandriye lekòl la pou yo ka asire elèv la kontinye resevwa enstriksyon, lè sa posib. Si yo pa otorize yon reentrgrasyon avan lè, elèv la ap rete nan lòt lokal la l ap resevwa enstriksyon pou rès tan sispansyon an epi yo dwe reentegre l nan lekòl li nan fen sispansyon an.</p>
<p>SISPANSYON PWOLONJE POU 60-90 JOU KI GEN YON EVALYASYON OTOMATIK CHAK 30 JOU</p>	<p>Responsab egzekitif anchèf <i>Office of Safety and Youth Development</i> oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa sipèentandan kominotè a ka bay lòd pou yo sispann yon elèv pou 60-90 jou lekòl epi reentegre l nan yon lòt lokal avèk yon evalyasyon otomatik pou yo reentegre l avan sa chak 30 jou lekòl. Lè y ap deside sou dat pou yo reentegre elèv la, responsab egzekitif anchèf <i>Office of Safety and Youth Development</i> oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa sipèentandan kominotè a ap konsidere kalandriye lekòl la pou yo ka asire elèv la kontinye resevwa edikasyon, lè sa posib. Si yo pa otorize yon reentrgrasyon avan lè, elèv la ap rete nan lòt lokal la l ap resevwa enstriksyon pou rès tan sispansyon an epi yo dwe reentegre l nan lekòl li nan fen sispansyon an.</p>

Sispansyon Sipèentandan an bay

<p>YON ANE SISPANSYON AK PLASMAN NAN YON LÒT LOKAL APRANTISAJ AVÈK EVALYASYON OTOMATIKJOU AK135 JOU</p>	<p>Responsab egzekitif anchèf <i>Office of Safety and Youth Development</i> oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa sipèentandan kominotè a ka bay lòd pou pou yo sispansyon elèv pou yon ane epi mete l nan yon lòt lokal pou l resevwa enstriksyon, avèk yon evalyasyon otomatik pou yo reentegre l avan lè apre 90 ak 135 jou lekòl. Si yo pa otorize yon reentrgrasyon avan lè, elèv la ap rete nan lòt lokal la l ap resevwa enstriksyon an pou rès tan sispansyon an epi yo dwe reentegre l nan lekòl li nan fen sispansyon an.</p> <p>An konfòmite avèk Lwa 1994 ki entèdi pou gan zam nan lekòl, yo dwe sispansyon nenpòt elèv yon wè ki pote oswa ki gen zamafe nan lekòl (jan yopesifye l nan Kategori 1), bonm oswa lòt eksploziv, pou yon peryòd ki pa pi piti pase yon ane. Administratè anchèf Biwo Safety and Youth Development oswa lòt reprezantan Chanselye a (jan yo espesifye sa nan Lwa ki entèdi zam nan lekòl la) oswa Sipèentandan kominote a kapab modifiye sispansyon sa a, alekri, pou yon elèv selon chak ka an patikilye.</p>
<p>YON ANE SISPANSYON AK PLASMAN NAN YON LÒT LOKAL APRANTISAJ SAN POSIBLITE POU EVALYASYON OTOMATIK POU REENTTEGRASYON AVAN LÈ</p>	<p>Responsab egzekitif anchèf <i>Office of Safety and Youth Development</i> oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa sipèentandan kominote a ka sispansyon elèv pou yon ane san posiblite pou mande pou yo reentegre l avan lè. Yo dwe mete elèv la nan yon lòt lokal pou l resevwa enstriksyon pou ane a. Nan fen peryòd sispansyon pou yon ane a, y ap retounen elèv la nan lekòl li te ye lè yo te sispansyon li an.</p> <p>An konfòmite avèk Lwa 1994 ki entèdi pou gan zam nan lekòl, yo dwe sispansyon nenpòt elèv yon wè ki pote oswa ki gen zamafe, bonm oswa lòt eksploziv nan lekòl (jan yopesifye l nan Kategori 1), pou yon peryòd ki pa pi piti pase yon ane. Administratè anchèf Biwo Safety and Youth Development oswa lòt reprezantan Chanselye a (jan yo espesifye sa nan Lwa ki entèdi zam nan lekòl la) oswa Sipèentandan kominote a kapab modifiye sispansyon sa a, alekri, pou yon elèv selon chak ka an patikilye.</p>

SIPÒ POU ELÈV PANDAN SISPANSYON AN AK LÈ YO TOUNEN SOTI NAN SISPANSYON AN

Lekòl yo dwe bay elèv sèvis sipò apwopriye pandan peryòd sispansyon ak lè yo retounen nan lekòl yo lè yo sot nan sispansyon pou yo ka ogmante kapasite yo pou satisfè nòm sosyal ak akademik ak pou konpòtman yo nan kominote lekòl la. Nan nivo lekòl primè, yo voye elèv yo nan yon lòt lokal pou yo resevwa enstriksyon akademik ak sipò ak entèvansyon apwopriye. Yo dwe bay elèv ki gen IEP sèvis edikasyon espesyal apwopriye pou pèmèt elèv la fè pwogrè pou objektif IEP li.

Objektif la pou tout nivo klas se prepare elèv pou retounen nan lekòl kote yo ye regilyèman an oswa nan salklas yo avèk plis atitid, estrateji ak konesans pro-sosyal nan yon sans pou diminye chans pou yo repete move konpòtman an. Se responsablite lekòl kote elèv la ye a pou kontinye sèvis sipò yo. Sèvis sipò yo ka gen ladan yo nenpòt nan seri sipò ak entèvansyon oswa yon melanj sèvis sa yo ki ka satisfè bezwen chak elèv an patikilye pi byen .

APÈL

Paran ka mande pou ale ann apèl ak sispansyon yo. Yo ka ale ann apèl avèk sispansyon direktè a fè devan responsab egzekitif anchèf *Office of Safety and Youth Development* oswa devan reprezantan Chanselye a. Yo ka ale ann apèl avèk Sispansyon sipèentandan an fè (sa vle di sispansyon responsab egzekitif anchèf *Office of School and Youth Development* la oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa Sipèentandan kominote a enpoze devan Chanselye a. Gade [Règleman Chanselye A-443](#) pou plis enfòmasyon sou delè ak pwosesis pou fè apèl la.

OPSYON TRANSFÈ

Transfè volontè:

An kolaborasyon avèk Biwo enskripsyon elèv, responsab egzekitif anchèf Office of Safety and Youth Development oswa lòt reprezantan Chanselye a oswa sipèentandan kominote a ka transfere yon elèv nan yon lòt lekòl si paran an dakò. Pou enfòmasyon sou Transfè pou rezon sekirite, gade [Règleman Chanselye A-449](#).

Transfè envolontè:

Lè konpòtman ak/oswa dosye akademik yon elèv ki nan edikasyon jeneral montre adaptasyon nan lekòl la pa satisfèzan epi si direktè a kwè ke elèv la ta gen avantaj nan yon transfè oswa li ta resevwa yon edikasyon apwopriye yon lòt kote, direktè a ka fè yon transfè envolontè dapre [Règleman Chanselye A-450](#). Yo pa ka fè yon transfè envolontè nan lòt lekòl pou yon elèv ki gen andikap pou l resevwa menm pwogram lan l ap resevwa nan lekòl aktyèl li a. Si yo kwè yon elèv ki gen andikap gen bezwen yon pwogram /sipò edikasyon espesyal ki diferan paske konpòtman ak dosye akademik elèv la montre adaptasyon l nan lekòl la pa satisfèzan, lè sa a lekòl la ta dwe fè yon reyinyon IEP.

REGLEMAN CHANSELYE A

Ou ka jwenn tout [Règleman Chanselye](#) myo nan www.nyc.gov/schools/RulesPolicies/ChancellorsRegulations

ZAM	
Kategori I	Kategori II
<ul style="list-style-type: none">Zamafe, tankou pistolè, pistolè demaraj , zam pwent, silansye, flèch elektwonik, fizi, mitrayèt oswa nenpòt zam ki pral, ki fèt pou oswa ki kapab konvèti fasilman pou lanse pwojektiv avèk yon eksploziv.Stun gun/zamPistolè avèk lè, pistolè avèk resò oswa lòt enstriman oswa zam kote fòs ki pou aktive l la se yon resò oswa lè, ak nenpòt zam kote yo ka itilize nenpòt katouch ki vid oswa chaje (tankou BB gun oswa fizi <i>paintball</i>)Kanif, kanif agravite gravity knife, <i>pilum ballistic knife</i> ak baton avèk epe (yon baton ki kache yon kanif oswa yon kouto)<i>Dagger, stiletto</i>, ponya, razwa, kouto pou koupe bwat, kouto kuizin ak tout lòt kouto<i>Billy club, blackjack, bludgeon, chucka stick</i>, ak <i>knuckles</i> an metal<i>Sling shot</i> (ti pwa lou ki atache oswa ki aktive ak yon fil) ak <i>slung shot</i>Objè <i>Martial arts</i> tankou etwal kung fu, <i>nunchucks</i> ak <i>shirkens</i>Eksploziv, tankou bonb, peta	<ul style="list-style-type: none">Asid oswa pwodui chimik ki danjre (tankou <i>pepper spray, mace</i>)*Fizi imitasyon oswa lòt zam imitasyonKatouch ki chaje oswa vid ak lòt minisyonNenpòt enstriman ki ka tuye, danjere oswa file yo ka itilize oswa panse itilize kòm yon zam (tankou sizo, lim zong, vè kase, chèn, fil fè).
<p>* Avan yo mande pou sispann yon elèv poutèt li gen yonn nan bagay ki nan kategori II a pou yon rezon ki pa pou blese, paegzanp lim zong, direktè a dwe konsidere si gen sikonstans ki mwen grav ki egziste. Anplis, direktè a dwe konsidere si yon zam imitasyon sanble reyèlman, an ak yon bon zam lè l konsidere faktè sa yo, koulè, dimansyon, fòm, aparans ak pwa.</p>	

PRAN AKSYON DISIPLIN

Lè yon elèv gen yon konpòtman inapwopriye, yo atann pou lekòl la konbine sipò ak entèvansyon avèk aksyon disiplin nan objektif ki klè pou fè elèv la konprann responsablite li nan aksyon an epi anmèmtan ede elèv la aprann nan erè yo. Sanksyon ki vini apre a founi yon seri opsyon pou yo itilize pou reponn bezwen endividyèl chak elèv. Pandan yo dwe konsidere konpòtman elèv sou yon baz endividyèl, yo atann pou lekòl yo enplemanje avan konsekans disiplin debaz (pa ranvwa) pou abòde move konpòtman elèv la nenpòt lè sa posib ak apwopriye avan yo enpoze yon sanksyon pou disiplin ki pi di.

Entèvansyon elèv ak kòd disiplin

Kindergarten- Klas 5yèm ane Nivo 1

Enfraksyon – Mank kolaborasyon/konpòtman ki pa respekte règleman

- A01 Absans san motif nan lekòl la (A-D sèlman)
- A02 Pa mete inifòm lekòl la egzijè a (aplike sèlman pou elèv nan lekòl ki bay inifòm epi paran yo pa t mande pou fè eksepsyon pou yo) (A ak/oswa D)
- A03 Anreta lekòl (A-E)
- A04 Vini ak bagay oswa itilize bagay nan lekòl la ki vyole règleman lekòl la oswa règleman DOE (A-E)
- A05 Pa rete nan plas yo mete w nan lekòl la (A-E)
- A06 Konpòtman ki deranje pwosesis edikasyon an (paegzanp fè anpil bri nan yon salklas, nan yon bibliyotèk oswa nan koulwa) (A-F)
- A07 Gen konpòtman gwosye oswa san respè nan pale (A-F)
- A08 Mete rad, atik pou tèt (paegzanp kepi oswa chapo) oswa lòt bagay ki danjre oswa ki deranje pwosesis edikasyon an* (A-E)
- A09 Afiche oswa distribye materyèl sou lakou lekòl la ki vyole règleman ekri lekòl la oswa règleman DOE (A-E)
- A10 Itilize konpitè, faks, telefòn oswa lòt ekipman elektwonik lekòl la san pèmisyon ki apwopriye (A-E)

*Si gen yon kesyon konsènan si wi ou non rad oswa bagay elèv la mete nan tèt li se senbòl kwayans relijye, lekòl la ta dwe kontakte Direktè sispansyon Borough a.

Yo dwe itilize sipò elèv ak sanksyon responsablite ansanm	
Sipò ak entèvansyon*	Tip aksyon disiplin ki posib*
<ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon avèk paran • Envèvansyon estaf pou Konsèy fè • Konferans pou oryantasyon • Pratik koreksyon • Aprantisaj sosyo-emosyonèl • Entèvansyon ak Sipò sou bon konpòtman <i>Positive Behavioral Interventions and Supports</i> (PBIS) • Konsèy endividyèl/angwoup • Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon • Rezolisyon konfli • medyasyon ant kamarad • Pwogram Mentoring • Devlopman kontra endividyèl sou konpòtman • Rapò pwogrè akou tèm sou konpòtman • Rekòmandasyon ba Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team</i> (PPT) • Sèvis kominotè (avèk konsantman paran) • Rekòmandasyon pou òganizasyon kominotè <i>Community Based Organization</i> (CBO): • Evalyasyon konpòtman fonksyonèl <i>Functional Behavioral Assessment (FBA) /Plan entèvansyon pou konpòtman Behavioral Intervention Plan (BIP)</i> 	<p>A. Estaf pedagojik lekòl la reyini avèk elèv la pou abòde move konpòtman an ak konsekans li</p> <p>B. Konferans elèv/pwofesè</p> <p>C. Reyinyon ofisyèl sipèvizè apwopriye a (egzanp asistan direktè, direktè) fè avèk elèv la pou abòde move konpòtman an epi konprann konsekans yo</p> <p>D. Konferans Paran</p> <p>E. Mezi disiplin lekòl la (paegzanp reyinyon fòmèl pou koreksyon, mete deyò nan aktivite anplis apa kourikoulòm debaz la oswa izole pandan lè manje midi)</p> <p>F. Pwofesè klas 3-5yèm ane retire elèv nan klas la pou 1 jou pou pi plis, pwofesè klas K-2yèm ane pou 4 jou lekòl pou elèv klas (avèk rezèv yon obligasyon mmòm sispansyon pou elèv klas 3-5yèm ane nan 5 oswa plis (semès) oswa 4 oswa plis (trimès) ranvwa)</p>

*SONJE: Ou ka jwenn plis detay sou sipò ak entèvansyon nan paj 11-20 Ou ka jwenn plis detay sou sanksyon disiplin nan paj 20-23.

Entèvansyon elèv ak kòd disiplin

Kindergarten- Klas 5yèm ane Nivo 2

Enfraksyon – Konpòtman dezòd

- A11 Fimen ak/oswa itilize sigarèt elektwonik ak/oswa posede alimèt oswa briki (A-D)
- A12 Jwe jwèt aza (Pou klas 3-5yèm ane sèlman: A-F)
- A13 Itilize langaj sal, obsèn, vilgè oswa jès, konpòtman obsèn (A-F)
- A14 Fè manti, bay fo enfòmasyon, ak/oswa twonpe estaf lekòl la (klas K-2yèm ane: A-E) (Klas 3-5: A-F)
- A15 Mal itilize pwopriyete lòt moun (A-F)
- A16 Patisipe oswa lakoz konpòtman dezòd nan otobis lekòl la (A-E)
- A17 Kite klas oswa lokal lekòl la san pèmision estaf lekòl k ap sipèvize a (A-F)
- A18 Patisipe nan kontak fizik ki pa apwopriye ke yon lòt moun pa vle oswa touche yon moun nan pati prive kò l. (Pou klas K-3yèm ane sèlman: A-F) (Pou klas 4-5yèm ane, gade enfraksyon A28) (pou frape, pouse, etc., gade A24.)
- A19 Vyolasyon regleman sou itilizasyon entènèt Depatman an (paegzanp itilizasyon sistèm Depatman an pou rezon ki pa edikasyon, vyolasyon sekirite/vi prive) (Klas K-2: A-D) (Klas 3-5: A-F)

Yo dwe itilize sipò elèv ak sanksyon responsablite ananm	
Sipò ak entèvansyon*	Tip aksyon disiplin ki posib*
<ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon avèk paran • Envèvansyon estaf pou Konsèy fè • Konferans pou oryantasyon • Pratik koreksyon • Aprantisaj sosyo-emosyonèl • Entèvansyon ak Sipò sou bon konpòtman <i>Positive Behavioral Interventions and Supports</i> (PBIS) • Konsèy endividiyèl/angwoup • Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon • Rezolisyon konfli • medyasyon ant kamarad • Pwogram Mentoring • Devlopman kontra endividiyèl sou konpòtman • Rapò pwogrè akou tèm sou konpòtman • Rekòmandasyon ba Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team</i> (PPT) • Sèvis kominotè (avèk konsantman paran) • Rekòmandasyon pou òganizasyon kominotè <i>Community Based Organization</i> (CBO): • Evalyasyon konpòtman fonksyonèl <i>Functional Behavioral Assessment</i> (FBA) /<i>Plan entèvansyon pou konpòtman Behavioral Intervention Plan</i> (BIP) 	<ul style="list-style-type: none"> A. Estaf pedagojik lekòl la reyini avèk elèv la pou abòde move konpòtman an ak konsekans li B. Konferans elèv/pwofesè C. Reyinyon ofisyèl sipèvizè apwopriye a (egzanp asistan direktè, direktè) fè avèk elèv la pou abòde move konpòtman an epi konprann konsekans yo D. Konferans Paran E. Mezi disiplin lekòl la (paegzanp reyinyon fòmèl pou koreksyon, mete deyò nan aktivite anplis apa kourikoulòm debaz la oswa izole pandan lè manje midi) F. Pwofesè klas 3-5yèm ane retire elèv nan klas la pou 1 jou pou pi plis, pwofesè klas K-2yèm ane pou 4 jou lekòl pou elèv klas (avèk rezèv yon obligasyon mmòm sispansyon pou elèv klas 3-5yèm ane nan 5 oswa plis (semès) oswa 4 oswa plis (trimès) ranvwa)

*SONJE: Ou ka jwenn plis detay sou sipò ak entèvansyon nan paj 11-20 Ou ka jwenn plis detay sou sanksyon disiplin nan paj 20-23.

Entèvansyon elèv ak kòd disiplin

Kindergarten- Klas 5yèm ane Nivo 2

Enfraksyon – Konpòtman dezòd

A20 Patisipe nan aksyon lekòl ki pa onèt tankou bagay sa yo ak lòt ankò:

- Pran poul (paegzanp kopye sou lòt elèv nan egzamen; itilize materyèl moun k ap bay egzamen an pa otorize; kolabore ak yon lòt elèv pandan egzamen an san otorizasyon; itilize, achte, vann, vòlè, transpòte oswa mande okonplè oswa anpati kontni yon egzamen yo bay; konpoze pou yon lòt elèv oswa pèmèt yon lòt elèv konpoze pou li; peye yon lòt moun pou jwenn yon egzamen y ap bay; oswa kenbe kopi egzamen oswa repons yon egzamen avan egzamen an): (Klas K-2: A-E) (Klas 3-5: A-F)
- Kopye (pran travay yon lòt moun epi itilize l kòm travay pa l pou l gen kredi san sitasyon ak kondisyon yo egzije yo, paegzanp kopye travay ki ekri nan entènèt oswa nan nenpòt lòt sous) (Pou klas 4yèm-5yèm ane sèlman): A-F)
- Konplote (patisipe nan konplo ak lòt moun pou prepare travay ekri pou gen kredi) (Pou klas 4-5 sèlman: A-F)

A21 Itilizasyon teknoloji elektwonik ki pa kòrèk (paegzanp anrejistremen odyo/vidèyo ki pa otorize) (Pou klas K-2 sèlman: A-E) (Klas 3-5: A-F)

Yo dwe itilize sipò elèv ak sanksyon responsablite ananm	
Sipò ak entèvansyon*	Tip aksyon disiplin ki posib*
<ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon avèk paran • Envèvansyon estaf pou Konsèy fè • Konferans pou oryantasyon • Pratik koreksyon • Aprantisaj sosyo-emosyonèl • Entèvansyon ak Sipò sou bon konpòtman <i>Positive Behavioral Interventions and Supports (PBIS)</i> • Konsèy endividyèl/angwoup • Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon • Rezolisyon konfli • medyasyon ant kamarad • Pwogram Mentoring • Devlopman kontra endividyèl sou konpòtman • Rapò pwogrè akou tèm sou konpòtman • Rekòmandasyon ba Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team (PPT)</i> • Sèvis kominotè (avèk konsantman paran) • Rekòmandasyon pou òganizasyon kominotè <i>Community Based Organization (CBO)</i>: • Evalyasyon konpòtman fonksyonèl <i>Functional Behavioral Assessment (FBA) /Plan entèvansyon pou konpòtman Behavioral Intervention Plan (BIP)</i> 	<ol style="list-style-type: none"> Estaf pedagojik lekòl la reyini avèk elèv la pou abòde move konpòtman an ak konsekans li Konferans elèv/pwofesè Reyinyon ofisyèl sipèvizè apwopriye a (egzanp asistan direktè, direktè) fè avèk elèv la pou abòde move konpòtman an epi konprann konsekans yo Konferans Paran Mezi disiplin lekòl la (paegzanp reyinyon fòmèl pou koreksyon, mete deyò nan aktivite anplis apa kourikoulòm debaz la oswa izole pandan lè manje midi) Pwofesè klas 3-5yèm ane retire elèv nan klas la pou 1 jou pou pi plis, pwofesè klas K-2yèm ane pou 4 jou lekòl pou elèv klas (avèk rezèv yon obligasyon mmòm sispansyon pou elèv klas 3-5yèm ane nan 5 oswa plis (semès) oswa 4 oswa plis (trimès) ranvwa).

***SONJE:** Ou ka jwenn plis detay sou **sipò ak entèvansyon** nan **paj 11-20** Ou ka jwenn plis detay sou **sanksyon disiplin** nan **paj 20-23**.

Entèvansyon elèv ak kòd disiplin

Kindergarten- Klas 5yèm ane Nivo 3

Enfraksyon –Konpòtman dezòd

- A22 Bay defi oswa dezobeyi otorite legal oswa dezobeyi lòd pèsonèl lekòl la oswa ajan sekirite lekòl la yon fason ki deranje anpil pwosesis edikasyon an oswa otorite pwofesè a ak/oswa pze yon danje pou kominote lekòl la (Klas K-3: A-F) (Klas 4-5: A-F, G sèlman avèk otorizasyon)
- SONJE :** Konpòtman sa a pa gen ladan nivo 1 oswa 2, pa kolabore/vyole règleman oswa konpòtman dezòdone, tankou di betiz, A13; oswa mete rad yo entèdi, A08; oswa pote bagay yon entèdi nan lekòl la, A04)
- SONJE:** Direktè yo dwe jwenn otorizasyon alekri alavans nan Biwo Sekirite ak fòmasyon jèn *Office of Safety and Youth Development* avan pou li bay otorizasyon pou elèv jwenn sanksyon sispansyon direktè A22
- A23 Itilize difamasyon dapre ras, etnisite, koulè, peyi orijin, sitiyoasyon imigrasyon/sitwayènte, gwosè, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun ekspri sèks, oryantasyon seksyèl oswa andikap (Klas K-2: A-E) (Klas 3: A-F) (Klas 4-5: A-I)
- A24 Pouse, bourade oswa patisipe nan yon ti akwochaj oswa nan konfwontasyon fizik ak elèv oswa estaf lekòl la (paegzanp pouse yon lòt moun pandan l ap pase)oswa voye yon objè (paegzanp lakrè)oswa krache sou yon lòt moun (pou agresyon fizik ki pi grav, gade, A34) (Klas K-3: A-F) (Klas 4-5: A-G)
- A25 Mennen moun ki pa otorize nan lekòl la oswa pèmèt vizitè ki pa otorize rantre nan lekòl la, ki se vyolasyon règleman ekri lekòl la (Klas K-2: A-E) (Klas 3: A-F) (Klas 4-5: A-I)
- A26 Pran pwopriyete lòt moun ekspri san otorizasyon (Klas K-3: A-F) (Klas 4-5: A-I)

Yo dwe itilize sipò elèv ak sanksyon responsablite ansanm	
Sipò ak entèvansyon	Tip aksyon disiplin ki posib
<ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon avèk paran • Envèvansyon estaf pou Konsèy fè • Konferans pou oryantasyon • Pratik koreksyon • Aprantisaj sosyo-emosyonèl • Entèvansyon ak Sipò sou bon konpòtman <i>Positive Behavioral Interventions and Supports</i> (PBIS) • Konsèy endividyèl/angwoup • Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon • Rezolisyon konfli • medyasyon ant kamarad • Pwogram Mentoring • Devlopman kontra endividyèl sou konpòtman • Rapò pwogrè akou tèm sou konpòtman • Rekòmandasyon ba Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team</i> (PPT) • Sèvis kominote (avèk konsantman paran) • Rekòmandasyon pou òganizasyon kominote <i>Community Based Organization</i> (CBO): • Evalyasyon konpòtman fonksyonèl <i>Functional Behavioral Assessment</i> (FBA) /<i>Plan entèvansyon pou konpòtman Behavioral Intervention Plan</i> (BIP) • Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy pou vyolans <i>bullying</i>, entimidasyon oswa arasman 	<ul style="list-style-type: none"> A. Estaf pedagojik lekòl la reyini avèk elèv la pou abòde move konpòtman an ak konsekans li B. konferans elèv/pwofesè C. Reyinyon ofisyèl sipèvizè apwopriye a (egzanp asistan direktè, direktè) fè avèk elèv la pou abòde move konpòtman an epi konprann konsekans yo D. Konferans avèk paran E. Mezi disiplin lekòl la (paegzanp reyinyon fòmèl pou koreksyon, mete deyò nan aktivite anplis apa kourikoulòm debaz la oswa izole pandan lè manje midi) F. Pwofesè klas 3-5yèm ane retire elèv nan klas la pou 1 jou pou pi plis, pwofesè klas K-2yèm ane pou 4 jou lekòl pou elèv klas (avèk rezèv yon obligasyon mmòm sispansyon pou elèv klas 3-5yèm ane nan 5 oswa plis (semès) oswa 4 oswa plis (trimès) sispansyon) G. Sispansyon Direktè bay pou 1-5 jou lekòl H. Sispansyon sipèntandan ki abouti nan reentegrasyon imedyat I. Sispansyon sipèntandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon kontinye pou yon peryòd 6-10 jou lekòl fiks.

***SONJE:** Ou ka jwenn plis detay sou sipò ak entèvansyon nan paj 11-20 Ou ka jwenn plis detay sou sanksyon disiplin nan paj 20-23.

Entèvansyon elèv ak kòd disiplin

Kindergarten- Klas 5yèm ane Nivo 3

Enfraksyon –Konpòtman dezòd

- A27 Chanje, modifiye dosye oswa dokiman yon lekòl avèk nenpòt mwayen, tankou bagay sa yo ak lòt ankò, aksè nan konpitè oswa nan lòt mwayen elektwonik (Klas K-3: A-E) (Klas 4-5: A-I)
- A28 Patisipe nan kontak fizik ki pa apwopriye ke yon lòt moun pa vle oswa touche yon moun nan pati prive kò l. (Pou klas 4-5 sèlman: A-I) (Pou pousad, bourad, elatriye., itilize A24.)
SONJE : Enfraksyon sa a pa aplike pou klas K-3, gade enfraksyon A18.
- A29 Patisipe nan konpòtman ki gen rapò ak gang (paegzanp, mete oswa ekspoze abiman ak/oswa akseswa gang, ekri grafiti, fè jès oswa siy gang) (klas 4yèm-5yèm ane sèlman): A-F) **SONJE:** Lè y ap detèmine si konpòtman an gen rapò ak gang, responsab lekòl la ka chita pale avèk divizyon Gang nan *Office of Safety and Youth Development's Gang Unit*.
SONJE : Enfraksyon sa a pa aplike pou klas K-3.
- A30 Patisipe nan zak briganday, grafiti oswa lòt andomaj volontèman pwopriyete lekòl la oswa pwopriyete estaf, elèv oswa lòt moun (Klas K-3: A-F) (Klas 4-5: C-F, G-I pou domaj entansyonèl sèlman, J-L sèlman si gen gwo domaj nan pwopriyete ki mande anpil reparasyon)
- A31 Afiche oswa distribye materyèl oswa feyè ki fè difamasyon (tankou afiche materyèl sa yo sou entènèt) (Pou klas 4-5 sèlman: C-I) SONJE: Enfraksyon sa a pa aplike pou klas K-3.

Yo dwe itilize sipò elèv ak sanksyon responsablite ansanm	
Sipò ak entèvansyon*	Tip aksyon disiplin ki posib*
<ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon avèk paran • Envèvansyon estaf pou Konsèy fè • Konferans pou oryantasyon • Pratik koreksyon • Aprantisaj sosyo-emosyonèl • Entèvansyon ak Sipò sou bon konpòtman <i>Positive Behavioral Interventions and Supports (PBIS)</i> • Konsèy endividyèl/angwoup • Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon • Rezolisyon konfli • medyasyon ant kamarad • Pwogram Mentoring • Konferans fòmèl pou koreksyon • Devlopman kontra endividyèl sou konpòtman • Rapò pwogrè akou tèm sou konpòtman • Rekòmandasyon ba Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team (PPT)</i> • Sèvis kominotè (avèk konsantman paran) • Rekòmandasyon pou òganizasyon kominotè <i>Community Based Organization (CBO)</i>: • Evalyasyon konpòtman fonksyonèl <i>Functional Behavioral Assessment (FBA) /Plan entèvansyon pou konpòtman Behavioral Intervention Plan (BIP)</i> • Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy pou vyolans <i>bullying</i>, entimidasyon oswa arasman 	<ul style="list-style-type: none"> A. Estaf pedagojik lekòl la reyini avèk elèv la pou abòde move konpòtman an ak konsekans li B. Konferans elèv/pwofesè C. Reyinyon ofisyèl sipèvizè apwopriye a (egzanp asistan direktè, direktè) fè avèk elèv la pou abòde move konpòtman an epi konprann konsekans yo D. Konferans Paran E. Mezi disiplin lekòl la (paegzanp reyinyon fòmèl pou koreksyon, mete deyò nan aktivite anplis apa kourikoulòm debaz la oswa izole pandan lè manje midi) F. Pwofesè klas 3-5yèm ane retire elèv nan klas la pou 1 jou pou pi plis, pwofesè klas K-2yèm ane pou 4 jou lekòl pou elèv klas (avèk rezèv yon obligasyon mmòm sispansyon pou elèv klas 3-5yèm ane nan 5 oswa plis (semès) oswa 4 oswa plis (trimès) ranvwa). G. Sispansyon Direktè bay pou 1-5 jou lekòl H. Sispansyon sipèentandan ki abouti nan reentegrasyon imedyat I. Sispansyon sipèentandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon kontinye pou yon peryòd 6-10 jou lekòl fiks. J. Sispansyon sipèentandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon pwolonje pou yon peryòd 11-29 jou lekòl fiks. K. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 30 jiska -59 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik nan 30 jou lekòl pou sispansyon 39 jou lekòl oswa pi long) L. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 60 jiska -90 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik chak 30 jou lekòl.

***SONJE:** Ou ka jwenn plis detay sou **sipò ak entèvansyon** nan **paj 11-20** Ou ka jwenn plis detay sou **sanksyon disiplin** nan **paj 20-23**.

Entèvansyon elèv ak kòd disiplin

Abòde konpòtman nivo 4 ak nivo 5

Kòd konduit ofiamezi a chita sou sipò/entèvansyon anmenmtan avèk yon repons disiplin pou abòde move konpòtman elèv pou yo ka tire yon leson apre move konpòtman yo. Echèl pou sipò ak konsekans disiplin ofiamezi a la pou prevansyon inivèsèl pou tout elèv ak pou idantifye byen bonè elèv ki gen bezwen anplis ak/oswa sèvis sipò espesifik.

Lekòl dwe abòde Nivo konpòtman 4 ak 5 an konfòmite avèk Echèl pou sipò ak pou konsekans disiplin ofiamezi a ak yon apwòch pou disiplin ofiamezi ki nan Kòd sa a. Kòd la bay diferan tip sanksyon disiplin pou tip konpòtman sa yo, yon fason pou garanti yo konsidere tout faktè ki gen rapò avèk pwoblèm lan pou yo ka wè ki repons ki apwopriye. Men, lwa eta a ak lwa federal egzije pou kèk ensidan move konduit elèv, yo dwe enpoze yon sispansyon. Yo ka revize sispansyon sa yo ak modifye yo dapre ka patikilye an konfòmite avèk lalwa ak règleman DOE.

Entèvansyon elèv ak kòd disiplin

Kindergarten- Klas 5yèm ane Nivo 4

Enfraksyon- Konpòtman agresif oswa malelve/ ki lakoz chòk

- A32 Afiche oswa distribye, ekspoze oswa pataje feyè oswa materyèl ki gen yon menas vyolans, chòk oswa domaj, oswa reprezantasyon aksyon oswa obsèn, foto degradan elèv oswa estaf (tankou pa egzanp afiche materyèl sou entènèt) (Klas K-2: A-F) (Klas 3-5: D-I)
- A33 Gen konpòtman fizik ki agresif ki pa piti jan yo dekri l nan A24, ki lakoz gwo risk pou domaj ki pa grav (Klas K-2: A-F) (Klas 3-5: D-L)
- A34 Patisipe nan zak kontrent oswa menas oswa pou fè vyolans, pou fè mal oswa fraktire lòt moun (Klas K-2: A-F) (Klas 3-5: D-K)
- A35 Gen konpòtman nan otobis lekòl ki lakoz gwo risk oswa ki lakoz chòk (Klas K-2: A-F, G sèlman lè elèv la kontinye repete menm konpòtman an epi ki gen vyolans) (Klas 3: D-G) (Klas 4-5: D-L) **SONJE:** Yo ka fè elèv yo pa monte otobis la dapre Règleman Chanselye CR A-801.
- A36 Patisipe nan arasman, entimidasyon, ak/oswa konpòtman bully, ladan kominikasyon elektwonik pou patisipe nan nan konpòtman (cyber-bullying); pami konpòtman sa yo genyen: vyolans fizik; suiv moun, konpòtman vèbal, ekri oswa fizik ki menase yon lòt moun ak zam; chèche fòse oswa konvenk yon elèv oswa yon manm estaf fè yon bagay; inisyasyon brital; mokri; eksklizyon nan gwoup ki fèt pou imilye oswa izole; itilizasyon langaj ki deplase oswa fè plezantri ki deplase oswa bay moun non pou imilye oswa arase yo (Klas K-2: A-F, G sèlman lè elèv la kontinye repete menm konpòtman an epi ki gen vyolans) (Klas 3: D-G) (Klas 4-5: D-L)

Yo dwe itilize sipò elèv ak sanksyon responsablite ansanm	
Sipò ak entèvansyon*	Tip aksyon disiplin ki posib*
<ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon avèk paran • Envèvansyon estaf pou Konsèy fè • Konferans pou oryantasyon • Pratik koreksyon • Aprantisaj sosyo-emosyonèl • Entèvansyon ak Sipò sou bon konpòtman <i>Positive Behavioral Interventions and Supports (PBIS)</i> • Konsèy endividyèl/angwoup • Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon • Rezolisyon konfli • medyasyon ant kamarad • Pwogram Mentoring • Konferans fòmèl pou koreksyon • Devlopman kontra endividyèl sou konpòtman • Rapò pwogrè akou tèm sou konpòtman • Rekòmandasyon ba Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team (PPT)</i> • Sèvis kominotè (avèk konsantman paran) • Rekòmandasyon pou òganizasyon kominotè <i>Community Based Organization (CBO)</i>: • Rekòmandasyon pou sèvis sipò sante mantal • Evalyasyon konpòtman fonksyonèl <i>Functional Behavioral Assessment (FBA) /Plan entèvansyon pou konpòtman Behavioral Intervention Plan (BIP)</i> • Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy pou vyolans <i>bullying</i>, entimidasyon oswa arasman 	<ul style="list-style-type: none"> A. Estaf pedagojik lekòl la reyini avèk elèv la pou abòde move konpòtman an ak konsekans li B. Konferans elèv/pwofesè C. Reyinyon ofisyèl sipèvizè apwopriye a (egzanp asistan direktè, direktè) fè avèk elèv la pou abòde move konpòtman an epi konprann konsekans yo D. Konferans avèk paran E. Mezi disiplin lekòl la (paegzanp reyinyon fòmèl pou koreksyon, mete deyò nan aktivite anplis apa kourikoulòm debaz la oswa izole pandan lè manje midi) F. Pwofesè klas 3-5yèm ane retire elèv nan klas la pou 1 jou pou pi plis, pwofesè klas K-2yèm ane pou 4 jou lekòl pou elèv klas (avèk rezèv yon obligasyon mmòm sispansyon pou elèv klas 3-5yèm ane nan 5 oswa plis (semès) oswa 4 oswa plis (trimès) sispansyon) G. Sispansyon direktè a enpoze pou 1-5 jou lekòl (Pou elèv nan klas K-3, apwobasyon alekri OSYD obligatwa avan otorizasyon yon sispansyon direktè) H. Sispansyon sipèentandan ki abouti nan reentegrasyon imedyat I. Sispansyon sipèentandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon kontinye pou yon peryòd 6-10 jou lekòl fiks. J. Sispansyon sipèentandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon pwolonje pou yon peryòd 11-29 jou lekòl fiks. K. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 30 jiska -59 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik nan 30 jou lekòl pou sispansyon 39 jou lekòl oswa pi long) L. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 60 jiska -90 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik chak 30 jou lekòl.

***SONJE:** Ou ka jwenn plis detay sou sipò ak entèvansyon nan paj 11-20 Ou ka jwenn plis detay sou sanksyon disiplin nan paj 20-23.

Entèvansyon elèv ak kòd disiplin

Kindergarten- Klas 5yèm ane Nivo 4

Enfraksyon- Konpòtman agresif oswa malelve/ ki lakoz chòk

- A37 Elèv ki deside arase, entimide ak/oswa fè lòt elèv pè, paegzanp lè yo itilize aparèy elektwonik pou kominikasyon pou manifeste konpòtman sa a (cyber-bullying) (Enfraksyon A36/B39 Kòd disiplin) sou baz ras, koulè, kwayans, etnisite, peyi orijin, sityasyon imigrasyon/sitwayènte, gwosè, relijyon, laj, sèks, fason moun lan idantifye tèt li kòm fi oswa gason, fason moun lan prezante tèt li kòm fi oswa gason, oryantasyon seksyèl, andikap oswa pwa; konpòtman sa yo gen ladan: vyolans fizik; suiv moun, konpòtman vèbal, ekri oswa fizik ki menase yon lòt moun ak zam; chèche fòse oswa konvenk yon elèv oswa yon manm estaf fè yon bagay; inisyasyon brital; mokri; eksklizyon nan gwoup ki fèt pou imilye oswa izole; itilizasyon langaj ki deplase oswa fè plezantri ki deplase oswa bay moun non pou imilye oswa arase yo (Klas K-2: A-F, G sèlman lè elèv la kontinye repete menm konpòtman an) (Klas 3: D-G) (Klas 4-5: D-L)
- A38 Fè kòmantè ki sijere kòmantè, alizyon, pwopozisyon oswa remak seksyèl oswa patisipe nan konduit ki pa oral oswa fizik ki gen nati seksyèl (paegzanp touche, manyen, penche oswa konpòtman piblik obsèn oswa endesan oswa voye oswa afiche mesaj oswa imaj ki gen tandans seksyèl) (pou klas 4yèm-5yèm ane sèlman): D-L)
- A39 Posede pwodui chimik ki sou kontwòl oswa medikaman ki mande preskripsyon san otorizasyon apwopriye, dwòg ilegal, alisinòjèn sentetik, materyèl ki konekte ak dwòg ak /oswa alkòl (Klas K-2: A-E) (Klas 3-5: D-L)

Yo dwe itilize sipò elèv ak sanksyon responsablite ansanm	
Sipò ak entèvansyon*	Tip aksyon disiplin ki posib*
<ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon avèk paran • Envèvansyon estaf pou Konsèy fè • Konferans pou oryantasyon • Pratik koreksyon • Aprantisaj sosyo-emasyonèl • Entèvansyon ak Sipò sou bon konpòtman <i>Positive Behavioral Interventions and Supports (PBIS)</i> • Konsèy endividyèl/angwoup • Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon • Rezolisyon konfli • medyasyon ant kamarad • Pwogram Mentoring • Konferans fòmèl pou koreksyon • Devlopman kontra endividyèl sou konpòtman • Rapò pwogrè akou tèm sou konpòtman • Rekòmandasyon ba Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team (PPT)</i> • Sèvis kominotè (avèk konsantman paran) • Rekòmandasyon pou òganizasyon kominotè <i>Community Based Organization (CBO)</i>: • Rekòmandasyon pou sèvis sipò sante mantal • Evalyasyon konpòtman fonksyonèl <i>Functional Behavioral Assessment (FBA) /Plan entèvansyon pou konpòtman Behavioral Intervention Plan (BIP)</i> • Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy pou vyolans <i>bullying</i>, entimidasyon oswa arasman • Rekòmandasyon pou Konsèy ki apwopriye kont izaj dwòg 	<ul style="list-style-type: none"> A. Estaf pedagòjik lekòl la reyini avèk elèv la pou abòde move konpòtman an ak konsekans li B. Konferans elèv/pwofesè C. Reyinyon ofisyèl sipèvizè apwopriye a (egzanp asistan direktè, direktè) fè avèk elèv la pou abòde move konpòtman an epi konprann konsekans yo D. Konferans Paran E. Mezi disiplin lekòl la (paegzanp reyinyon fòmèl pou koreksyon, mete deyò nan aktivite anplis apa kourikoulòm debaz la oswa izole pandan lè manje midi) F. Pwofesè klas 3-5yèm ane retire elèv nan klas la pou 1 jou pou pi plis, pwofesè klas K-2yèm ane pou 4 jou lekòl pou elèv klas (avèk rezèv yon obligasyon mmòm sispansyon pou elèv klas 3-5yèm ane nan 5 oswa plis (semès) oswa 4 oswa plis (trimès) sispansyon) G. Sispansyon direktè a enpoze pou 1-5 jou lekòl (Pou elèv nan klas K-3, apwobasyon alekri OSYD obligatwa avan otorizasyon yon sispansyon direktè) H. Sispansyon sipèentandan ki abouti nan reentegrasyon imedyat I. Sispansyon sipèentandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon kontinye pou yon peryòd 6-10 jou lekòl fiks. J. Sispansyon sipèentandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon pwolonje pou yon peryòd 11-29 jou lekòl fiks. K. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 30 jiska -59 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik nan 30 jou lekòl pou sispansyon 39 jou lekòl oswa pi long) L. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 60 jiska -90 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik chak 30 jou lekòl.

***SONJE:** Ou ka jwenn plis detay sou sipò ak entèvansyon nan paj 11-20 Ou ka jwenn plis detay sou sanksyon disiplin nan paj 20-23.

Entèvansyon elèv ak kòd disiplin

Kindergarten- Klas 5yèm ane Nivo 4

Enfraksyon- Konpòtman agresif oswa malelve/ ki lakoz chòk

- A40 Pran oswa eseye pran bagay lòt moun oswa bagay lekòl la san otorizasyon, oswa itilize fòs oswa konpòtman pou entimide (Klas K-2: A-F) (Klas 3-5: D-L)
- A41 Deklanche alam dife a oswa lòt alam katastwòf san rezon (Klas K-2: A-F) (Klas 3-5: D-L)
- A42 Fè menas bonb (Klas K-2: A-F) (Klas 3-5: D-L)
- A43 Kreye gwo risk pou gwo chòk swa nan konpòtman neglijan ak/oswa nan itilizasyon yon objè ki sanble ka lakoz domaj fizik (paegzanp briké, bouk sentiwon, parapli oswa reyon lazè *laser pointer*) (Klas K-2: A-F) (Klas 3-5: D-L)
- A44 Kreye gwo risk pou gwo chòk swa nan konpòtman neglijan ak/oswa nan itilizasyon yon objè ki sanble ka lakoz domaj fizik (paegzanp briké, bouk sentiwon, onbrela oswa reyon lazè *laser pointer*) (Klas K-2: A-F, G sèlman lè elèv la kontinye repete menm konpòtman an) (Klas 3-5: D-L)
- A45 Kòmanse/lakoz yon soulèvman (Klas K-2: D-F) (Klas 3-5: D-L)
- A46 Posede, vann oswa vann nenpòt zam jan yo defini l nan **Kategori II** (Klas K-2: D-F) (Klas 3 D-K) (Klas 4-5: D-L) **SONJE:** Avan yo mande pou sispansyon yon elèv poutèt li gen yonn nan bagay ki nan kategori II a pou yon rezon ki pa pou blese, paegzanp lim zong, direktè a dwe konsidere si gen sikonstans ki mwen grav ki egziste. Anplis, direktè a dwe konsidere si yon zam imitasyon sanble reyèlman, an ak yon bon zam lè l konsidere faktè sa yo, koulè, dimansyon, fòm, aparans ak pwa.
- A47 Posede pwodui chimik ki sou kontwòl oswa medikaman ki mande preskripsyon san otorizasyon apwopriye, oswa itilize dwòg ilegal, alisinòjèn sentetik ak /oswa alkòl (Klas K-2: D) (Klas 3-5: D-L)

Yo dwe itilize sipò elèv ak sanksyon responsablite ansanm	
Sipò ak entèvansyon*	Tip aksyon disiplin ki posib*
<ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon avèk paran • Envèvansyon estaf pou Konsèy fè • Konferans pou oryantasyon • Pratik koreksyon • Aprantisaj sosyo-emosyonèl • Entèvansyon ak Sipò sou bon konpòtman <i>Positive Behavioral Interventions and Supports (PBIS)</i> • Konsèy endividyèl/angwoup • Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon • Rezolisyon konfli • medyasyon ant kamarad • Pwogram Mentoring • Konferans fòmèl pou koreksyon • Devlopman kontra endividyèl sou konpòtman • Rapò pwogrè akou tèm sou konpòtman • Rekòmandasyon ba Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team (PPT)</i> • Sèvis kominotè (avèk konsantman paran) • Rekòmandasyon pou òganizasyon kominotè <i>Community Based Organization (CBO)</i>: • Rekòmandasyon pou sèvis sipò sante mantal • Evalyasyon konpòtman fonksyonèl <i>Functional Behavioral Assessment (FBA) /Plan entèvansyon pou konpòtman Behavioral Intervention Plan (BIP)</i> • Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy pou vyolans <i>bullying</i>, entimidasyon oswa arasman • Rekòmandasyon pou Konsèy ki apwopriye kont izaj dwòg 	<ul style="list-style-type: none"> A. Estaf pedagòjik lekòl la reyini avèk elèv la pou abòde move konpòtman an ak konsekans li B. Konferans elèv/pwofesè C. Reyinyon ofisyèl sipèvizè apwopriye a (egzanp asistan direktè, direktè) fè avèk elèv la pou abòde move konpòtman an epi konprann konsekans yo D. Konferans Paran E. Mezi disiplin lekòl la (paegzanp reyinyon fòmèl pou koreksyon, mete deyò nan aktivite anplis apa kourikoulòm debaz la oswa izole pandan lè manje midi) F. Pwofesè klas 3-5yèm ane retire elèv nan klas la pou 1 jou pou pi plis, pwofesè klas K-2yèm ane pou 4 jou lekòl pou elèv klas (avèk rezèv yon obligasyon mmòm sispansyon pou elèv klas 3-5yèm ane nan 5 oswa plis (semès) oswa 4 oswa plis (trimès) sispansyon) G. Sispansyon Direktè bay pou 1-5 jou lekòl (Yo dwe jwenn otorizasyon alekri alavans nan Biwo OSYD avan pou yo bay otorizasyon pou elèv jwenn sanksyon sispansyon direktè) H. Sispansyon sipèentandan ki abouti nan reentegrasyon imedyat I. Sispansyon sipèentandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon kontinye pou yon peryòd 6-10 jou lekòl fiks. J. Sispansyon sipèentandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon pwolonje pou yon peryòd 11-29 jou lekòl fiks. K. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 30 jiska -59 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik nan 30 jou lekòl pou sispansyon 39 jou lekòl oswa pi long) L. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 60 jiska -90 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik chak 30 jou lekòl.

***SONJE:** Ou ka jwenn plis detay sou **sipò ak entèvansyon** nan **paj 11-20** Ou ka jwenn plis detay sou **sanksyon disiplin** nan **paj 20-23**.

Entèvansyon elèv ak kòd disiplin

Kindergarten- Klas 5yèm ane Nivo 5

Enfraksyon–Konpòtman grav oswa vyolan

- A48 Kòmanse yon dife (Klas K-2: D-F, G sèlman lè elèv la kontinye repete menm konpòtman an) (Klas 3: D-J) (Klas 4-5: H-L)
- A49 Menase pou itilize fòs pou pran oswa pou eseye pran bagay lòt moun (Klas K-2: D-F, G sèlman lè elèv la kontinye repete menm konpòtman an) (Klas 3: D-L) (Klas 4-5: H-N)
- A50 Itilize fòs oswa lakoz estaf lekòl la oswa ajan sekirite lekòl la resevwa gwo chòk (Klas K-2: D-F, G sèlman lè elèv la kontinye repete menm konpòtman an) (Klas 3: D-L) (Klas 4-5: H-L)
- A51 Itilize/eseye itilize gwo fòs kont elèv oswa lòt moun oswa fè oswa eseye fè elèv oswa lòt moun sibi gwo chòk (Klas K-2: D-F, G sèlman lè elèv la kontinye repete menm konpòtman an) (Klas 3: D-K) (Klas 4-5: H-L)

Yo dwe itilize sipò elèv ak sanksyon responsablite ansanm	
Sipò ak entèvansyon*	Tip aksyon disiplin ki posib*
<ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon avèk paran • Envèvansyon estaf pou Konsèy fè • Konferans pou oryantasyon • Pratik koreksyon • Aprantisaj sosyo-emosyonèl • Entèvansyon ak Sipò sou bon konpòtman <i>Positive Behavioral Interventions and Supports</i> (PBIS) • Konsèy endividyèl/angwoup • Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon • Rezolisyon konfli • medyasyon ant kamarad • Pwogram Mentoring • Konferans fòmèl pou koreksyon • Devlopman kontra endividyèl sou konpòtman • Rapò pwogrè akou tèm sou konpòtman • Rekòmandasyon ba Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team</i> (PPT) • Sèvis kominotè (avèk konsantman paran) • Rekòmandasyon pou òganizasyon kominotè <i>Community Based Organization</i> (CBO): • Rekòmandasyon pou sèvis sipò sante mantal • Evalyasyon konpòtman fonksyonèl <i>Functional Behavioral Assessment</i> (FBA) / Plan entèvansyon pou konpòtman <i>Behavioral Intervention Plan</i> (BIP) • Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy pou vyolans <i>bullying</i>, entimidasyon oswa arasman • Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy apwopriye konsènan dwòg 	<p>A. Estaf pedagòjik lekòl la reyini avèk elèv la pou abòde move konpòtman an ak konsekans li</p> <p>B. Konferans elèv/pwofesè</p> <p>C. Reyinyon ofisyèl sipèvizè apwopriye a (egzanp asistan direktè, direktè) fè avèk elèv la pou abòde move konpòtman an epi konprann konsekans yo</p> <p>D. Konferans Paran</p> <p>E. Mezi disiplin nan lekòl (paegzanp reyinyon fòmèl pou koreksyon, mete deyò nan aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm debaz la oswa izole pandan lè manje midi) (K-3yèm ane sèlman)</p> <p>F. Pwofesè klas 3-5yèm ane retire elèv nan klas la pou 1 jou pou pi plis, pwofesè klas K-2yèm ane pou 4 jou lekòl pou elèv klas (avèk rezèv yon obligasyon mmòm sispansyon pou elèv klas 3-5yèm ane nan 5 oswa plis (semès) oswa 4 oswa plis (trimès) sispansyon)</p> <p>G. Sispansyon Direktè bay pou 1-5 jou lekòl (Pou elèv nan klas K-3, direktè yo dwe jwenn otorizasyon alekri alavans nan Biwo OSYD avan pou yo bay otorizasyon pou elèv jwenn sanksyon sispansyon direktè)</p> <p>H. Sispansyon sipèentandan ki abouti nan reentegrasyon imedyat.</p> <p>I. Sispansyon sipèentandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon kontinye pou yon peryòd 6-10 jou lekòl fiks.</p> <p>J. Sispansyon sipèentandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon pwolonje pou yon peryòd 11-29 jou lekòl fiks.</p> <p>K. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 30 jiska -59 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik nan 30 jou lekòl pou sispansyon 39 jou lekòl oswa pi long)</p> <p>L. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 60 jiska -90 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik chak 30 jou lekòl.</p> <p>M. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz yon sispansyon pou 1 ane ak plasman nan yon lòt pwogram avèk yon evalyasyon otomatik nan 90 ak 135 jou lekòl.</p> <p>N. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz yon sispansyon pou 1 lane ak plasman nan yon lòt pwogram san opòtnite pou reentegrasyon avan lè.</p>

*SONJE: Ou ka jwenn plis detay sou sipò ak entèvansyon nan paj 11-20 Ou ka jwenn plis detay sou sanksyon disiplin nan paj 20-23.

Entèvansyon elèv ak kòd disiplin

Kindergarten- Klas 5yèm ane Nivo 5

Enfraksyon–Konpòtman grav oswa vyolan

- A52 Planifye, kòmanse oswa patisipe avèk lòt moun nan yon vyolans angwoup (Klas K-2: D-F, G sèlman lè elèv la kontinye repete menm konpòtman an) (Klas 3: D-L) (Klas 4-5: H-L)
- A53 Gen konpòtman menasan, danjere oswa vyolan ki gen rapò ak gang (Klas 3: A-F) (Klas 4-5: A-H) **SONJE:** Lè y ap detèmine si konpòtman an gen rapò ak gang, responsab lekòl la ka chita pale avèk divizyon Gang nan *Office of Safety and Youth Development's Gang Unit*.
SONJE : Enfraksyon sa a pa aplike pou klas K-2.
- A54 Patisipe nan agresyon fizik seksyèl/ konvenk oswa fòse yon lòt moun fè sèks (Pou klas 4-5 Sèlman: H-L)
- A55 Vann oswa distribiye dwòg ilegal oswa pwodui chimik ki sou kontwòl ak/oswa alkòl (Klas K-2: D-F) (Klas 3: D-K) (Klas 4-5: H-K)

Yo dwe itilize sipò elèv ak sanksyon responsablite ansanm	
Sipò ak entèvansyon*	Tip aksyon disiplin ki posib*
<ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon avèk paran • Envèvansyon estaf pou Konsèy fè • Konferans pou oryantasyon • Pratik koreksyon • Aprantisaj sosyo-emosyonèl • Entèvansyon ak Sipò sou bon konpòtman <i>Positive Behavioral Interventions and Supports (PBIS)</i> • Konsèy endividyèl/angwoup • Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon • Rezolisyon konfli • medyasyon ant kamarad • Pwogram Mentoring • Konferans fòmèl pou koreksyon • Devlopman kontra endividyèl sou konpòtman • Rapò pwogrè akou tèm sou konpòtman • Rekòmandasyon ba Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team (PPT)</i> • Sèvis kominotè (avèk konsantman paran) • Rekòmandasyon pou òganizasyon kominotè <i>Community Based Organization (CBO)</i>: • Rekòmandasyon pou sèvis sipò sante mantal • Evalyasyon konpòtman fonksyonèl <i>Functional Behavioral Assessment (FBA) /Plan entèvansyon pou konpòtman Behavioral Intervention Plan (BIP)</i> • Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy pou vyolans <i>bullying</i>, entimidasyon oswa arasman • Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy apwopriye konsènan dwòg 	<p>D. Konferans Paran</p> <p>E. Mezi disiplin lekòl la (paegzanp reyinyon fòmèl pou koreksyon, mete deyò nan aktivite anplis apa kourikoulòm debaz la oswa izole pandan lè manje midi)</p> <p>F. Pwofesè klas 3-5yèm ane retire elèv nan klas la pou 1 jou pou pi plis, pwofesè klas K-2yèm ane pou 4 jou lekòl pou elèv klas (avèk rezèv yon obligasyon mmòm sispansyon pou elèv klas 3-5yèm ane nan 5 oswa plis (semès) oswa 4 oswa plis (trimès) sispansyon)</p> <p>G. Sispansyon Direktè bay pou 1-5 jou lekòl (Pou elèv nan klas K-#, Direktè yo dwe jwenn otorizasyon alekri alavans nan Biwo Sekirite ak fòmasyon jèn <i>Office of Safety and Youth Development</i> avan pou li bay otorizasyon pou elèv jwenn sanksyon sispansyon direktè)</p> <p>H. Sispansyon sipèntandan ki abouti nan reentegrasyon imedyat.</p> <p>I. Sispansyon sipèntandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon kontinye pou yon peryòd 6-10 jou lekòl fiks.</p> <p>J. Sispansyon sipèntandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon pwolonje pou yon peryòd 11-29 jou lekòl fiks.</p> <p>K. Sispansyon sipèntandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 30 jiska -59 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik nan 30 jou lekòl pou sispansyon 39 jou lekòl oswa pi long)</p> <p>L. Sispansyon sipèntandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 60 jiska -90 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik chak 30 jou lekòl.</p> <p>M. Sispansyon sipèntandan an ka lakoz yon sispansyon pou 1 ane ak plasman nan yon lòt pwogram avèk yon evalyasyon otomatik nan 90 ak 135 jou lekòl.</p> <p>N. Sispansyon sipèntandan an ka lakoz yon sispansyon pou 1 lane ak plasman nan yon lòt pwogram san opònite pou reentegrasyon avan lè.</p>

***SONJE:** Ou ka jwenn plis detay sou sipò ak entèvansyon nan paj 11-20 Ou ka jwenn plis detay sou sanksyon disiplin nan paj 20-23.

Entèvansyon elèv ak kòd disiplin

Kindergarten- Klas 5yèm ane Nivo 5

Enfraksyon–Konpòtman grav oswa vyolan

- A56 Posede oswa vann nenpòt zam, apa zamafe, bonm oswa lòt eksplozif jan yo defini l nan Kategori I (Klas K-2: D-F, G for ap pote zam tout tan nan lekòl la) (Klas 3: D-K) (Klas 4-5: H-L)
- A57 Fè menas pou itilize oswa itilize yon zam jan yo defini sa nan Kategori II a pou tante blese pèsonèl lekòl la, elèv, oswa lòt moun (Klas K-2: D-F) (Klas 3: D-K) (Klas 4-5: H-L)
- A58 Fè menas pou itilize oswa itilize yon zam ki pa zamafe, bonm, oswa lòt eksplozif, jan yo defini sa nan Kategori I a pou tante blese pèsonèl lekòl la, elèv, oswa lòt moun (Klas K-2: D-F) (Klas 3: D-K) (Klas 4-5: H-L)
- A59 Itilize nenpòt zam ki pa zamafe, bonm, oswa lòt eksplozif, jan yo defini sa nan Kategori I oswa Kategori II a pou blese pèsonèl lekòl la, elèv, oswa lòt moun (Klas K-2: D-G) (Klas 3: D-N) (Klas 4-5: H-N)
- A60 Posede oswa itilize nenpòt yon zamafe, bonm, oswa eksplozif, jan yo defini sa nan Kategori I. Sonje: Administratè anchèf Biwo Safety and Youth Development oswa lòt reprezantan Sipèentandan kominote a kapab modifiye sispansyon an, alekri, selon chak ka an patikilye. (M-N)

Yo dwe itilize sipò elèv ak sanksyon responsablite ansanm	
Sipò ak entèvansyon*	Tip aksyon disiplin ki posib*
<ul style="list-style-type: none"> • Kominikasyon avèk paran • Envèvansyon estaf pou Konsèy fè • Konferans pou oryantasyon • Pratik koreksyon • Aprantisaj sosyo-emosyonèl • Entèvansyon ak Sipò sou bon konpòtman <i>Positive Behavioral Interventions and Supports (PBIS)</i> • Konsèy endividiyèl/angwoup • Rezolisyon pwoblèm nan kolaborasyon • Rezolisyon konfli • medyasyon ant kamarad • Pwogram Mentoring • Konferans fòmèl pou koreksyon • Devlopman kontra endividiyèl sou konpòtman • Rapò pwogrè akou tèm sou konpòtman • Rekòmandasyon ba Ekip estaf pou elèv <i>Pupil Personnel Team (PPT)</i> • Sèvis kominotè (avèk konsantman paran) • Rekòmandasyon pou òganizasyon kominotè <i>Community Based Organization (CBO)</i>: • Rekòmandasyon pou sèvis sipò sante mantal • Evalyasyon konpòtman fonksyonèl <i>Functional Behavioral Assessment (FBA) /Plan entèvansyon pou konpòtman Behavioral Intervention Plan (BIP)</i> • Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy pou vyolans <i>bullying</i>, entimidasyon oswa arasman • Rekòmandasyon pou sèvis Konsèy apwopriye konsènan dwòg 	<p>D. Konferans Paran</p> <p>E. Mezi disiplin lekòl la (paegzanp reyinyon fòmèl pou koreksyon, mete deyò nan aktivite anplis apa kourikoulòm debaz la oswa izole pandan lè manje midi)</p> <p>F. Pwofesè klas 3-5yèm ane retire elèv nan klas la pou 1 jou pou pi plis, pwofesè klas K-2yèm ane pou 4 jou lekòl pou elèv klas (avèk rezèv yon obligasyon mmòm sispansyon pou elèv klas 3-5yèm ane nan 5 oswa plis (semès) oswa 4 oswa plis (trimès) sispansyon)</p> <p>G. Sispansyon Direktè bay pou 1-5 jou lekòl (Pou elèv nan klas K-#, Direktè yo dwe jwenn otorizasyon alekri alavans nan Biwo Sekirite ak fòmasyon jèn <i>Office of Safety and Youth Development</i> avan pou li bay otorizasyon pou elèv jwenn sanksyon sispansyon direktè)</p> <p>H. Sispansyon sipèentandan ki abouti nan reentegrasyon imedyat.</p> <p>I. Sispansyon sipèentandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon kontinye pou yon peryòd 6-10 jou lekòl fiks.</p> <p>J. Sispansyon sipèentandan an ki abouti ak rezilta ki mande pou sispansyon pwolonje pou yon peryòd 11-29 jou lekòl fiks.</p> <p>K. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 30 jiska -59 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik nan 30 jou lekòl pou sispansyon 39 jou lekòl oswa pi long)</p> <p>L. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz sispansyon pwolonje pou 60 jiska -90 jou lekòl avèk yon evalyasyon otomatik chak 30 jou lekòl.</p> <p>M. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz yon sispansyon pou 1 ane ak plasman nan yon lòt pwogram avèk yon evalyasyon otomatik nan 90 ak 135 jou lekòl.</p> <p>N. Sispansyon sipèentandan an ka lakoz yon sispansyon pou 1 lane ak plasman nan yon lòt pwogram san opòtnite pou reentegrasyon avan lè.</p>

***SONJE:** Ou ka jwenn plis detay sou **sipò ak entèvansyon** nan **paj 11-20** Ou ka jwenn plis detay sou **sanksyon disiplin** nan **paj 20-23**.

Lwa sou dwa ak responsablite elèv, K-12

ENTWODIKSYON

Lekòl leta Vil Nouyòk ap chèche kreye yon anviwònman respè yonn pou lòt pami elèv, paran ak estaf. Lekòl vil la gen objektif tou pou fè elèv yo patisipe nan aktivite ak pwogram, ki nan kominote lekòl la ak nan sa ki lòt kote, ki konsantre sou yon angajman pou responsablite sitwayen ak sèvis kominotè. Nan kolaborasyon ak tout manm kominote lekòl nou yo, elèv yo ka atenn ekselans nan edikasyon pandan y ap pran plezi yo nan yon eksperyans aprantisaj ki solid. Dokiman sa a sèvi kòm yon gid pou elèv pandan y ap lite pou yo vin tounen sitwayen k ap pwodui nan yon sosyete ki varye.

I. DWA POU EDIKASYON GRATIS NAN LEKÒL LETA

dwa pou yon edikasyon gratis nan lekòl leta se yon "dwa elèv" ki fondamantal epi ki garanti pou tout timoun. **Elèv gen dwa pou :**

1. ale lekòl epi resevwa yon edikasyon gratis nan lekòl leta apati matènèl rive laj 21 lane oswa pou yo pran yon diplòm lekòl segondè, jan lalwa mande l; elèv yo panse k ap aprann lang anglè English guage Learners (ELL) gen dwa pou yo nan pwogram edikasyon bileng oswa nan pwogram anglè kòm dezyèm lang *English as a second language* (ESL) jan lalwa mande l; elèv ki gen andikap yo panse ki bezwen edikasyon espesyal gen dwa pou edikasyon piblik ki apwopriye gratis apati laj 3 lane jiska 21 lane, jan lalwa mande l;
2. yo nan yon anviwònman sennesof ak favorab, ki pa gen diskriminasyon, arasman, entimidasyon epi pou pote plent si yo santi yo viktim konpòtman sa a (gade CR A-830, A-831, A-832, A-420, and A-421);
3. yo jwenn koutwazi ak respè nan men lòt moun kèlkeswa jan yo idantifye yo pou laj, ras, kwayans, koulè, sèks, idantifikasyon sèks, ekspresyon sèks, relijyon, peyi kote yo fèt, sityasyon sitwayèn/imigrasyon, preferans seksyèl, kondisyon fizik ak/oswa emosyonèl, andikap, kondisyon matrimonyal, ak konviksyon politik;
4. resevwa yon kopi regleman ak pwosedi yo alekri, tankou Atant konpòtman pou sipòte aprantisaj elèv pou tout Vil la (Kòd disiplin lan) ak Lwa sou dwa ak responsablite elèv NYCDOE, byen bonè nan ane lekòl la oswa depi yo fin rantre lekòl la pandan ane lekòl la;
5. okouran sou kondisyon diplòm yo, tankou kou ak egzamen ak enfòmasyon sou èd pou satisfè kondisyon sa yo;
6. jwenn enfòmasyon sou egzamen obligatwa pou sante, pou evalye entèlijans ak enfòmasyon sou egzamen lang
7. enfòmasyon sou kou ak pwogram ki disponib nan lekòl la ak opòtinite pou yo bay opinyon yo nan chwa kou ochwa yo;
8. resevwa ansèyman pwofesyonèl;
9. konnen kritè pou bay nòt pou chak matyè ak/oswa kou lekòl la ofri epi pou resevwa nòt pou travay lekòl yo fè dapre kritè ki fikse;
10. jwenn enfòmasyon sou pwogrè nan edikasyon epi resevwa evalyasyon chak peryòd enfòmèl ak atravè rapò pwogrè fòmèl;
11. avèti atan sou posiblite pou yo double klas oswa pou yo pa pase yon kou;
12. yo avèti yo sou dwa pou ale ann apèl konsènan double klas oswa pa fè bon nòt;
13. konfidansyalite nan fason yo kenbe dosye elèv nan sistèm lekòl la;
14. mande oswa pou paran yo mande pa bay enstitisyon edikasyon siperyè ak/oswa enstitisyon militè k ap anboche moun enfòmasyon pou kontakte yo; (Pou pwoteje dwa elèv ak paran pou yo anchaj kòmman yo vle divilge enfòmasyon yo bay militè; lekòl ki bay ASVAB p ap bay enstitisyon militè k ap anboche moun nòt elèv fè amwenske ni paran ni elèv la bay konsantman alekri.)
15. resevwa oryantasyon, konsèy, pou fòmasyon nan edikasyon, karyè ak pwofesyon.

II. DWA POU PALE AK DWA MOUN

Tout elèv gen garanti dwa pou bay opinyon yo, defann yon koz, òganize yo ak rasanble pou diskite pwoblèm ak manifeste nan lapè ak nan responsablite pou sipòte yo, dapre règleman ak pwosedi NYCDOE tabli.

Elèv gen dwa pou :

1. òganize, ankouraje ak patisipe nan yon fòm gouvènman elèv ki reprezante l;
2. òganize, ankouraje ak patisipe nan òganizasyon elèv, nan club sosyal ak edikatif ak nan gwoup politik, relijye ak filozofik ki respekte kondisyon Lwa sou aksè egalego *Equal Access Act*;
3. reprezantasyon nan komite lekòl ki apwopriye ki gen enfluyans sou pwosesis edikasyon an, avèk dwa pou vote lè sa nesèsè;
4. pibliye jounal lekòl ak bilten nouvell lekòl ki montre lavi ki egziste nan lekòl la ak ekprime enkyetid yo elèv ak opinyon ki respekte metòd jounalis ki responsab epi ki depann de regleman rezonab dapre pwoblèm pedagogik ki reyèl;
5. fè sikile, tankou atravè sikilasyon elektwonik, jounal, feyè oswa depliyon politik sou lakou lekòl la, depann de regleman ki rezonab lekòl la fikse konsènan lè, kote ak jan pou yo distribiye yo, eksepte lè materyèl sa yo se materyèl difamatwa, obsèn, komèsyal oswa k ap entèwonp lekòl la, ki deranje oswa vyole dwa lòt moun;
6. mete badj politik oswa lòt kalite badj oswa braslè, eksepte lè materyèl sa yo se materyèl difamatwa, obsèn oswa ki entèwonp lekòl la, ki deranje oswa vyole dwa lòt moun;
7. afiche avi sou tablo nan lekòl la oswa sou sit wèb lekòl la depann de regleman ki rezonab lekòl la fikse, eksepte lè materyèl sa yo se materyèl difamatwa, obsèn, komèsyal oswa k ap entèwonp lekòl la, ki deranje oswa vyole dwa lòt moun;
8. deside pwòp abiman yo dapre regleman Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) fikse sou inifòm lekòl epi ki konfòm ak kwayans relijye, eksepte lè abiman sa yo danjere oswa lè yo an konfli ak pwosesis aprantisaj la oswa ak pwosesis ansèyman an;
9. kwè nan tèt yo ak nan sa yo posede epi pote nan lekòl la bagay pèsònèl ki apwopriye pou itilize sou pwopriyete lekòl la;
10. pou yo pa fè fouy ki pa gen bon rezon valab oswa ki fè diskriminasyon kont yo tankou fouye kò;
11. pou yo pa bay pinisyon fizik ak abi vèbal (dapre CR A-420 ak A-421);
12. refize patisipe nan sèman fifelette pou drapo *Pledge of Allegiance* oswa kanpe pou sèman .

III. DWA POU TRETE W NAN SISTÈM JISTIS SAN PATIPRI

Elèv yo gen dwa pou yo trete yo avèk jistis dapre lwa yo fikse nan dokiman sa a. **Elèv gen dwa pou :**

1. yo ba yo kopi Kòd disiplin lan ak règleman lekòl la;
2. konnen sa ki bon konpòtman ak ki konpòtman ki ka lakoz yo jwenn sanksyon disiplin;
3. pou yo resevwa konsèy nan men manm estaf pwofesyonèl la nan bagay ki gen rapò ak konpòtman yo si li afekte edikasyon yo ak byennèt yo nan lekòl la;
4. konnen lwa ak konsekans ki posib pou krim espesifik;
5. Tretman ki jis nan ka sanksyon pou akizasyon nan vyolasyon règleman lekòl pwofesè yo ka sispann oswa mete elèv la deyò nan salklas;elèv ki gen andikap, oswa ke yo "sispèk ki gen andikap" gen dwa pou jwenn kèk pwoteksyon dapre IDEA.
6. Tretman ki jis nan ka sanksyon pou akizasyon nan vyolasyon regleman lekòl pwofesè yo ka sispann oswa mete elèv la deyò nan salklas;elèv ki gen andikap, oswa ke yo "sispèk ki gen andikap" gen dwa pou jwenn kèk pwoteksyon dapre IDEA.
7. konnen pwosedi pou ale ann apèl avèk desizyon responsab lekòl la dapre dwa ak responsablite yo jan yo fikse l nan dokiman sa a;
8. pou yon paran ak/oswa yon reprezantan akonpaye yo nan reyinyon ak nan entèwogasyon;
9. prezans estaf lekòl la nan ka kote polis ka prezan.

IV. LÒT DWA ELÈV KI GEN 18 LANE POU PITI GENYEN:

Lwa Edikasyon sou Dwa ak Respè Vi Prive Fanmi *The Family Educational Rights and Privacy Act* ("FERPA") bay elèv ki gen 18 lane kèk dwa ki gen rapò avèk dosye edikasyon elèv la.

Elèv ki gen 18 lane pou pi piti gen dwa mande, verifye oswa revize dosye edikasyon yo nan espas 45 jou apati jou NYCDOE resevwa demann elèv la, dapre pwosedi ki tabli nan CR A-820.

Elèv ki gen 18 lane pou pi piti gen dwa pou mande pou chanje dosye edikasyon yo lè yo kwè yo pa presi, pa kòrèk, oswa lè li vyole dwa sou vi prive yo dapre FERPA, selon pwosedi ki tabli nan CR A-820.

Elèv ki gen 18 lane pou pi piti gen dwa pou bay konsantman alekri avan yo divilge enfòmasyon ki nan dosye edikasyon yo ki ka pèmèt yo idantifye yo pèsònèlman, eksepte nan ka kote FERPA pèmèt yo bay enfòmasyon sa yo san konsantman l, tankou nan ka sa yo:

- Bay yon responsab lekòl ki bezwen gade dosye edikasyon an pou yo ka pran responsablite pwofesyonèl yo. Egzanp responsab lekòl yo se moun NYCDOE anlwaye (tankou administratè, sipèvizè, pwofesè oswa lòt edikatè oswa manm estaf pou sipò) ansanm ak moun DOE angaje pou bay sèvis si li ta itilize pwòp anlwaye l pou fè yo (tankou ajan, kontraktè ak konsiltan), epi ki sou kontwòl dirèk NYCDOE ki gen rapò ak itilizasyon ak jesyon enfòmasyon ki ka pèmèt yo idantifye elèv apati dosye edikasyon l.
- Bay responsab lòt distri lekòl, si yo mande, kote yon elèv ap chèche ale oswa kote li deja ye si enfòmasyon an se pou rezon transfè oswa enskripsyon elèv la.
- Lòt eksepsyon ki pèmèt yo divilge enfòmasyon pèsònèl ki ka fè yo idantifye yon elèv san konsantman tankou kèk tip enfòmasyon (1) ba reprezantan enstitisyon gouvènman ki gen otorizasyon pou sa ak ofisyèl ki gen pou wè avèk verifikasyon, evalyasyon oswa kèk lòt aktivite, (2) ki gen rapò avèk èd finansye elèv aplike oswa èd finansye elèv resevwa, (3) ba òganizasyon k ap fè etid pou NYCDOE, oswa nan non l, (4) ba òganizasyon ki gen kalifikasyon pou fè tande fonksyon kalifikasyon yo, (5) ba paran elèv ki gen laj 18 ane pou pi piti si elèv la se yon depandan pou rezon taks IRS, (6) pou respekte lòd tribinal oswa lòd konparisyon lalwa bay, (7) ba ofisyèl apwopriye pa rapò ak yon ijans sante oswa sekirite ak (8) enfòmasyon NYCDOE rele "enfòmasyon ki nan anyè". Pifò tip enfòmasyon sa yo depann de kèk kondisyon ak limit anplis. Tanpri gade FERPA ak CR A-820 pou plis enfòmasyon sou yo.

Elèv ki gen 18 lane pou pi piti gen dwa pou verifye ak revize dosye enfòmasyon FERPA egzije pou lekòl yo kenbe lè y ap bay enfòmasyon pèsònèl ki ka pèmèt yo idantifye elèv san konsantman yo. Sepandan, lekòl yo pa oblije kenbe enfòmasyon yo bay responsab lekòl yo, enfòmasyon ki gen rapò ak kèk lòd tribinal oswa lòd konparisyon legal yo bay, enfòmasyon sou anyè, ak enfòmasyon pou paran oswa pou elèv ki gen laj 18 lane pou pi piti.

Elèv ki gen 18 lane pou pi piti gen dwa pou pote plent ba U.S. Department of Education si yo santi NYCDOE pa respekte kondisyon FERPA yo. Non ak adrès biwo ki administre FERPA se:

Family Policy Compliance Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue, SW
Washington, DC 20202-852

V. RESPONSABILITE ELÈV

Konpòtman responsab chak elèv se sèl mwayen yo ka garanti dwa ki tabli nan dokiman sa a. Vyolasyon kèk nan responsablite sa yo ka lakoz sanksyon dapre Kòd disiplin lan. Lè elèv yo aksepte responsablite konplè pou egzèse dwa yo ap ofri yo pi gwo opòtinite pou sèvi tèt yo ak sosyete a. **Elèv yo gen responsablite pou :**

1. ale lekòl regilyèman alè epi fè tout efò pou pwogrese nan tout domèn edikasyon yo;
2. prepare pou kou avèk materyèl ki apwopriye epi kenbe liv yo ak lòt ekipman lekòl la nan lòd;
3. suiv règleman lekòl la sou rantre ak kite salklas la ak bilding lekòl la;
4. ede kenbe yon anviwònman ki pa gen zam, dwòg ilegal, pwodui ki sou kontwòl ak alkòl;
5. byen konpòte yo yon fason ki kontribiye pou yon anviwònman aprantisaj sennesof epi ki pa vyole dwa lòt elèv genyen pou yo aprann;
6. pataje enfòmasyon ak responsab lekòl yo konsènan bagay ki ka mete sante ak byennèt manm kominote lekòl la an danje;
7. respekte diyite ak egalite lòt moun epi sispann konduit ki vyole dwa lòt moun;
8. montre respè pou pwopriyete lekòl la ak respè pou pwopriyete lòt moun, ni prive ni piblik;
9. montre politès , koutwazi ak respè pou lòt moun kèlkeswa laj, ras, kwayans, koulè, sèks, idantifikasyon sèks, ekspresyon sèks, relijyon, peyi kote yo fèt, sitiyasyon sitwayènte/imigrasyon, preferans seksyèl, kondisyon fizik ak/oswa emosyonèl, andikap, kondisyon matrimonyal, ak konviksyon politik, epi sispann bay fo temwayaj dapre kritè sa yo;
10. konpòte yo ak politès, senserite nan kolaborasyon avèk lòt elèv ak estaf lekòl la;
11. ankouraje bon relasyon moun ak moun epi fè wout pou konpreyasyon pami manm kominote lekòl la;
12. itilize metòd ki pa konfwontasyon pou rezoud konfli;
13. patisipe ak vote nan eleksyon pou gouvènman elèv;
14. ofri lidèchip ki pozitif lè yo fè gouvènman elèv yon fowòm ki gen sans pou ankouraje maksimòm patisipasyon;
15. travay avèk estaf lekòl la pou kreye gwo pwogram ki apa kourilòm debaz la pou yo ka reprezante divès enterè ak bezwen fizik, sosyal ak kiltirèl elèv yo;
16. obsève kòd etik jounalis responsab;
17. sispann kominikasyon obsèn ak difamatwa nan diskou, nan ekri ak nan lòt mòd ekspresyon, tankou elektwonik, nan entèaksyon yo avèk kominote lekòl la;
18. eksprime tèt yo nan diskou, nan tèks ak nan lòt mòd ekspresyon tankou elektwonik nan yon fason ki ankouraje kolaborasyon epi ki pa twouble pwosesis edikasyon an;
19. fè rasanbleman yon manyè pezig epi respekte desizyon elèv ki pa vle patisipe;
20. pote lekòl la sèlman bagay pèsònèl ki pa reprezante danje epi ki pa twouble anviwònman aprantisaj la;
21. respekte prensip ki tabli pou abiman ak aktivite nan jimnazyòm lekòl la, nan kou edikasyon fizik yo, nan laboratwa yo ak nan boutik yo;
22. familiarize abitye avèk Kòd disiplin lan epi respekte règ ak prensip lekòl la;
23. ofri lidèchip pou ankouraje kondisip yo suiv règleman ak pratik ki tabli nan lekòl la;
24. kenbe paran yo enfòm sou zafè ki gen rapò avèk lekòl la, tankou pwogrè nan lekòl, aktivite sosyal ak edikatif, epi asire ke paran yo resevwa kominikasyon estaf lekòl la bay elèv yo pou bay paran yo.